# O`zbekistan Respublikası awıl ha`m suw xojalıg`ı ministrligi

## Tashkent Ma`mleketlik Agrar Universiteti No`kis filialı

**«Awıl xojalıg`ında menejment ha`m zootexniya» fakulteti**

**«Jerden paydalanıw ha`m jer kadastrı» kafedrası**

**Bakalavriat - 5410700- Jer du`ziw ha`m jer kadastrı**

**4-TOPAR STUDENTI XAMIDULLAEV JANDULLANIN`**

**Pitkeriw qa`niygelik jumısı**

**Tema:** Qaraqalpaqstan Respublikası Qarao'zek rayonı «Berdax» awıl puxaralar jıyını (Qarshıg'alı massivi) aymag'ındag'ı rayon rezerv jerlerinen «Da'stan bag' Qarao'zek juwapkershiligi sheklengen jemiyetine tazadan bag' egiw ushın jer maydanların ajıratıp beriw

Basshı________ J. Allashev

**«Jumıs ko'rıp shıgıldi ha`m qorg'awga jiberildi »**

**«Jerden paydalanıw ha`m jer kadastrı» kafedrasının` baslıg`ı, a/x.i.k., ag`a ilimiy xızmetker________ N.B.Reimov**
**2016 jil «___»_______________**

**«Awıl xojalıg`ında menejment ha`m zootexniya» fakulteti dekanı, v.i.k, ____________________R.Jumashev**
**2016 jıl «___»_______________**

Pitkeriw qa`niygelik jumısı kafedradan da`slepki qorg`awdan o`tti
____________ sanlı bayannaması «_____» __________________ 2016 jıl

**No`kis 2016**

# Mazmunı

**Pitkeriw qa`niygelik jumısının` quramlıq bo`limleri** **Betler**
Tapsırma
Jumısshı da`stu`r
Kirisiw
Pitkeriw qa`niygelik jumısının` maqseti ha`m waziypası
Buyırtpashının' qatnas qag'azı
Ajıratılıp atırg'an jer maydanlarının' sxematik kartası.
Temanın` a`hmiyetliliginin` tiykarlaniwı jer ajıratıw boyınsha kapital qurılısı ta`miyinlew boyınsha isleniletug`ın rasmiy hujjetler ha`m bunı tastıyıqlawshı qarar bo`limin jazıw

Respublika awıl ha`m cuw Ministrliginin` juwmag`ın alıw ha`m onın` ma`nisin jumısta keltiriw
Rayon ha`kiminin` jer ajıratıw boyınsha rayonlıq komisiyası juwmag`ın tiykarlang`an buyrıg`ı ma`nisin keltiriw
Rayon komissiyasının` dalalatnamasın ma`nisin keltiriw
Ekonomikalıq natiyjeliligi
Juwmaqlaw
O`mir qa`wipsizligi
Paydalang`an a`debiyatlar

| № | Hu'jjetler atı | bet |
|---|---|---|
| 1 | Buyırtpashınının' qatnas qag'azı | |
| 2 | Qaratsalpaqstan Respublikası Minstrler Ketsesininin' qararı | |
| 3 | Qaraqalpaqstan Respublikası Awıl ha'm suw xojalıg'ı ministrligi, Jer resursları ha'm ma'mleketlik kadastrı basqarması juwmag'ı | |
| 4 | Rayon ha'kiminin' qararı | |
| 5 | Rayonlıq, awıl ha'm suw xojalıg'ı juwmag'ı | |
| 6 | Rayonlıq komissiyanın' akti | |
| 7 | Ajıratılg'an jerdin' 1:10 000 masshtabtag'ı kartplanı ha'm sha'ması | |
| 8 | Ajıratılg'an jer maydanının' konturlar boyınsha esaplaw vedomostı | |
| 9 | Ajıratılg'an jer uchastkasının', shegarasın ornında ko'rsetiw akti | |

**Tashkent Ma`mleketlik Agrar Universiteti No`kis filialı**

Fakultet: Awıl xojalıg`ında menejment ha`m zootexniya
Kafedra: Jerden paydalanıw ha`m jer kadastrı
Qa'nigelik: Jer du`ziw ha`m jer kadastrı

«*Tastıyıqlayman*»
Kafedra baslıg'ı a/x.i.k. N.B.Reimov
___________________________
«__» ____________2016__ j.

QA'NIYGELIK PITKERIW JUMISIN ORINLAW USHIN
TAPSIRMA

Studenttin' atı, familiyası – Xamidullaev Jandulla

**Joybardın' teması** - Qaraqalpaqstan Respublikası Qarao'zek rayonı «Berdax» awıl puxaralar jıyını (Qarshıg'alı massivi) aymag'ındag'ı rayon rezerv jerlerinen «Da'stan bag' Qarao'zek juwapkershiligi sheklengen jemiyetine tazadan bag' egiw ushın jer maydanların ajıratıp beriw

Tema № ______ buyrıq penen «____» ___________ 2016____ tastıyıqlang'an.

Orınlang'an PQJ-nı kafedrag'a tapsırıw mu'ddeti ___________________________

**PQJ-nı orınlawda paydalanılg'an mag'lıwmatlar ha'm hu'jjetler** - *Prezident miynetleri, «Jer kadastrı» kitabı, a'debiyatlar*

***PQJ jazba bo'liminin' tiykarg'ı quramı*** – *Mazmunı, PQJ g'a Tapsırma,*

PQJ boyınsha ma’sla’ha’tshiler:

| Bo’lim | Atı, familiyası | Tapsırma berildi ku’n, imza | Qabıllandı ku’ni, imza |
|---|---|---|---|
| 4-5 | J. Allashev | 20.02.2016 j | 20.02.2016 j |
| 7,8,9,10,11 | J. Allashev | 27.02.2016 j | 24.05.2016 j |
| 6 | J. Allashev | 3.03.2016 j | 28.05.2016 j |
| 14 | Utepbergenova V | 27.03.2016 j | 30.05.2016 j |

Tapsırma berildi ________________ Ilimiy basshı - J. Allashev
Tapsırmanı qabılladım _________________ Student – Xamidullaev J.

**PQJ nı orınlawdın’ kalendarlıq rejesi**

| № | Joybardın’ tiykarg’ı bo’limleri | Orınlanıw mu’ddetleri | Ulıwma ko’lemge salıstırg’anda % | |
|---|---|---|---|---|
| | | | tapsırıldı | Orınlandı |
| 1 | *Mazmunı.* | | | |
| 2 | *PQJ g’a tapsırma.* | 02-07- 02.2016 | 02- 02.2016 | 07- 02.2016 |
| 3 | *Bag’darlaması.* | 08-12- 02.2016 | 08- 02.2016 | 12- 02.2016 |
| 4 | *Kirisiw.* | 13-18- 02.2016 | 13- 02.2016 | 18- 02.2016 |
| 5 | *Ta’biyg’ıy sotsial ekonomikalıq sharayatlar.* | 19-28- 02.2016 | 19- 02.2016 | 28- 02.2016 |
| 6 | *Joybarlıq bo’lim.* | 01-25- 03 .2016 | 01- 03.2016 | 25- 03.2016 |
| 7 | *Joybardı ekonomikalıq ha’m ekologiyalıq tiykarlaw.* | 26.03 -12.04. 02.2016 | 26- 03.2016 | 12- 04.2016 |
| 8 | *Juwmaqlaw.* | 13-23- 04. 2016 | 13- 02.2016 | 23- 04.2016 |
| 9 | *Paydalang’an a’debiyatlar.* | 24 -30- 04 .2016 | 08- 02.2016 | 12- 02.2016 |
| 10 | *O’mir qa’wipsizligi.* | 10-15- 05. 2016 | 10. 05. 2016 | 15- 05. 2016 |
| 11 | *Basshıg’a teksertiw ha’m pikir alıw.* | 16- 26 - 05. 2016 | 16. 05. 2016 | 26- 05. 2016 |
| 12 | *Pechattan shıg’arıw.* | 27- 31 - 05. 2016 | 27. 05. 2016 | 31- 05. 2016 |
| 13 | *Slaid- prezentatsiya tayarlaw.* | 01- 03 - 06. 2016 | 01. 06. 2016 | 03- 06. 2016 |
| 14 | *Qa’niygeden sın alıw.* | 02- 04 - 06. 2016 | 02. 06. 2016 | 04- 06. 2016 |
| 15 | *Kafedradan o’tiw.* | 05- 06 - 06. 2016 | 05. 06. 2016 | 06 - 06. 2016 |
| 16 | *Pitkeriw jumısın qorg’aw* | 07-08 - 06. 2016 | 07. 06. 2016 | 08 - 06. 2016 |

PQJ ilimiy basshısı - Allashev J.
PQJ nı orınlawshı student - Xamidullaev J.

O’ZBEKSTAN RESPUBLIKASI JOQARI HA’M ORTA ARNAWLI BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI
Tashkent Ma`mleketlik Agrar Universiteti No`kis filialı

Fakultet: Awıl xojalıg`ında menejment ha`m zootexniya
Kafedra: Jerden paydalanıw ha`m jer kadastrı
Qa’nigelik: Jer du`ziw ha`m jer kadastrı

«Jaqlawg’a jiberildi»
«Jerden paydalanıw ha`m jer kadastrı»
kafedrasının’ baslıg’ı,
awıl xojalıg’ı ilimlerinin’ kandidatı
ag’a ilimiy xızmetker
_______________ N.B.Reimov
«_____»_______2016 j.

**«Jer du’ziw ha’m jer kadastrı» bilim bag’darı studenti Xamidullaev Jandullanın’**

**Tema: Qaraqalpaqstan Respublikası Qarao’zek rayonı «Berdax» awıl puxaralar jıyını (Qarshıg’alı massivi) aymag’ındag’ı rayon rezerv jerlerinen «Da’stan bag’ Qarao’zek juwapkershiligi sheklengen jemiyetine tazadan bag’ egiw ushın jer maydanların ajıratıp beriw atamasındag`ı**

# *PITKERIW QA’NIYGELIK JUMISI bag’darlaması*

Orınlawshı — «Jer du’ziw ha’m jer kadastrı» bilim bag’darı 4-kurs studenti Xamidullaev J.

Ilimiy basshı — J. Allashev

**No’kis – 2016 jıl**

# Joba

Qarao’zek rayonı «Berdax» awıl puxaralar jıyını Qarshıg’alı massivi xojalıg`ı negizinde diyxanshılıqqa qa`niygelestrilgen rayon rezerv jerlerinen «Da’stan bag’ Qarao’zek juwapkershiligi sheklengen jemiyetine uzaq mu`ddetke ijarag`a jer maydanın beriw menen jerden u’nemli paydalanıw elimiz qırmanın bayıtıw xalıqtı ta’miynlew elimizdin’ ekonomikalıq siyasatın ko’teriw ushın halatı jaman jerleden jer uchastkasın ajıratıp beriw temamızdın’ baslı wazıypası bolıp esaplanadı. Bul fermer xojalıq awıl xojalıg’ında paydalanılmay atırg’an jerlerde fermerlikti rawajlandırıw ushın jerlerden u’nemli paydalanıw maqsetinde xalqımızg’a kerekli bag’ jetistiriw xalqımız qırmanın bayıtıw bazar ekonomikasın rawajlandırıw ushın alınıwı tiyis bolg’an rejeli o’nim alıw maqsetinde fermershilik qılıwg’a qarar qıldı. Oblastlıq, rayonlıq ha’kimiyatlardın’ belgilep bergen jerlerden o’nimdarlı paydalanıw islenip atırg’an jumıslarda xalıqtı, bazaar ekonomikasın jerden jetistirgen o’nimler menen ta’miynlew baslı wazıypa bolıp tabıladı. Sol ushın Qaraqalpaqstan Respublikası klimat sharayatında jerden maksimal paydalanıwdın’ ha’m onın’ anıqlang’an jer tu’rine qarap islenetug’ın jumıs anıqlanıp alınadı.. Usı jumıslardı orınlanıwının’ juwmag’ı Qarao’zek rayonının’ Qarshıg’alı massivi xojalıg`ı negizinde diyxanshılıqqa qa`niygelestrilgen «Da’stan bag’ Qarao’zek juwapkershiligi sheklengen jemiyetine ulıwma maydanı halatı jaman jerlerdi o’zlestirip tazadan bag’ egiw ushın ja’mi 7,8 ga sonnan: 4,8 ga su’rim jerler sonnan 4,8 ga ko’p jıldan egilmey atırg’an halatı jaman su’rim jerler, 0,5 ga jap salma ha’m izeykeshler, 0,3 ga jol ha’m sheller ha’m 2,2 ga Awıl xojalıg’ında paydalanılmaytug’ın basqa jer maydanların 30-jıl mu’ddetke ijarag’a ajıratıp beriw haqqındag’ı uzaq mu`ddetke ijarag`a jer maydanın beriw islep shıg’ılıwının’ xojalıqqa ta’siri, anıqlanıwı tiykarında xojalıqtın’ egislik strukturasına o’zgerisler kiritiw boyınsha o’tkerilgen ilimiy izertlew jumıslarının’ juwmag’ı Xamidullaev Jandullanın’ pitkeriw qa’niygelik jumısında keltirilgen.

Jumıstı orınlaw ushın metodikalıq ko’rsetpege say pitkeriw qa’niygelik jumısının’ student ushın tapsırması, bag’darlaması islep shıg’ıldı.

PQJ nın’ kirisiw bo’liminde ball bonitetti o’tkeriwdin’ talabınan, rayonnın’ ha’m

fermer xojalıg'ının' ta'biyg'ıy sotsial – ekonomikalıq sharayatınan qısqasha mısallar keltirilip, joybarlıq bo'limde tiykarg'ı materiallar, joybardın' ekonomikalıq ha'm ekologiyalıq paydalılıg'ı, juwmaqlar, insan o'miri qa'wipsizligi, paydalanılg'an a'debiyatlar ha'm qosımsha materiallar keltirilgen.

***Jumıstın'a'hmiyeti***. Respublikamızdın' jerlerinin' hasıldarlıq da'rejesin ba'rqulla gu'zetip barıw, jer resurslarınan u'nemli paydalanıw, topıraq hasıldarlıg'ın saqlaw ha'm joqarılatıp barıw, sonday-aq awıl-xojalıq eginlerinin' o'nimin anıq rejelestiriw, jerdi ha'r ta'repleme sıpatın jaqsılaw ushın jerdin' qunarlılıg'ı tiykarında hareket etiw talap etiledi.

Bakalavr pitkeriw jumısın alıp barıw ushın izertlew jumısları to'rt basqıshta alıp barıladı.

1. Teoriyalıq izertlewler.
2. A'meliy izertlewler.
3. Dala basqıshı jumısları.
4. Bakalavr pitkeriw jumısın jazıw

1. Teoriyalıq izertlewlerde - Qarao'zek rayonının' Qarshıg'alı massivi xojalıg`ı negizinde diyxanshılıqqa qa`niygelestrilgen «Da'stan bag' Qarao'zek juwapkershiligi sheklengen jemiyetine uzaq mu`ddetke ijarag`a jer maydanın beriw sıpatın bahalawdı joybarlaw boyınsha a'debiyatlarg'a sholıwlar, materiallar menen tanısılıp shıg'ıladı. olardın' ko'beyiw jag'dayı ha'm o'sip rawajlanıwı ha'm jag'dayları o'zgerisler haqqında baspa so'zde shıg'arılg'an ilimiy materiallarg'a a'debiy sholıw jasaladı. Temanın` a`hmiyetliliginin` tiykarlanıwı jer ajıratıw boyınsha kapital qurlısı ta`miyinlew boyınsha isleniletug`ın rasmiy xujjetler ha`m bunı tastıyıqlawshı qarar bo`limin jazıw, xojalıqta ishki sırtqı ha`m magistral jollardı jaylastırıw ta`rtipleri u`yreniledi.

2. A'meliy izertlewde Respublika awıl ha`m suw Ministrliginin` juwmag`ın alıw ha`m onın` ma`nisin jumısta keltiriw, Respublika awıl ha`m suw Ministrliginin` juwmag`ın alıw ha`m onın` ma`nisin jumısta keltiriw, Rayon ha`kiminin` jer ajıratıw boyınsha rayonlıq komissiyası juwmag`ın tiykarlang`an buyrıg`ı ma`nisin keltiriw, Rayon komissiyasının` dalalatnamasın ma`nisin keltiriw, O`z maydanları ushın tiyis bolg`an awıl puxaralar jıyınının' ulıwma jıynalısı bayanı, grafikalıq

jumıslardın` dizimi, praktikalıq jumıs boyınsha konsultant haqqında mag`lıwmat, praktikalıq jumıs boyınsha orınlanıw grafigi,

3. Qarao'zek rayonının' Qarshıg'alı massivi xojalıg`ı negizinde diyxanshılıqqa qa`niygelestrilgen «Da'stan bag' Qarao'zek juwapkershiligi sheklengen jemiyetine uzaq mu`ddetke ijarag`a jer maydanın beriw islengen jumıslar haqqında, topıraqtın' sıpatın anıqlawdı joybarlastırıw tiykarında jerlerdi tuwrı tan'law, joybardı ekonomikalıq ha'm ekologiyalıq tiykarlaw, topıraqtı bahalaw usılı, egilgen daqıllardan alıng'an o'nimler na'tiyjeliligi menen teren'nen tanısıw.

4. Bakalavr pitkeriw jumısın jazıw Qarao'zek rayonının' Qarshıg'alı massivi xojalıg`ı negizinde diyxanshılıqqa qa`niygelestrilgen «Da'stan bag' Qarao'zek juwapkershiligi sheklengen jemiyetine uzaq mu`ddetke jer beriwdi rejelestiriw, onı o'tkiziw ta'rtibi, ko'rsetkishlerinin' xojalıq ekonomikasına, xojalıqtı basqarıwdın` aldın`g`ı tu`rlerine qarag`anda paydalılıg`ı yamasa ziyanın anıqlaw, xojalıqtı basqarıwdın` fermerlik diziminin` esap kitabı tuwrı ha`m anıq alıp barılsa paydalı ekenligin da`lillew, kolxoz, sovxoz yamasa shirket waqtında janar may, ha'r tu'rli miywe na'lleri, transport rasxodlarına ha`m de basqa da ketetug`ın shıg`ınların kemeytiwge bolatug`ınlıg`ı, onın' ha'r bir gektar jerine to'leytug'ın salıg'ı mug'darı mene alıng`an paydasına na ta'sirin u'yreniw arqalı a'melge asırıladı.

# Kirisiw

Qaraqalpaqstan Respublikamında ekonomikalıq reformalar teren`lestirilip atırg`an ha`zirgi da`wirde xojalıq sho`lkemlestiriwshisi awıl xojalıg`ının` qaysı tarawında, qanday wazıypada islemesin o`ndiristin` rawajlanıw nızamlıqların, ka`rxananın` o`ndiris ha`m sho`lkemlestiriw du`zilisi tiykarların, usılların, xojalıqtı ju`ritiw sistemasının` forması, bar bolg`an resurslardan na`tiyjeli, aqılg`a muwapıq paydalanıwg`a qaratılg`an printsplerin, o`simlikshilik ha`m sharwashılıq tarawı o`nimlerin islep shıg`arıw texnikası ha`m texnologiyasın, miynetti sho`lkemlestiriw menen materiallıq xoshametlew formaların jaqsı biliwı za`rur.



Usı tiykarda son`g`ı jılları a`melge asırılg`an ekonomikalıq reformalar na`tiyjesinde diyxannın` jerge ha`m o`z miyneti na`tiyjelerine iyelik etiwi ushın jaratılg`an a`hmiyetli huqıqıy tiykarlar, na`tiyjeli ekonomikalıq mexanizmler, diyxan ushın qolay bolg`an bank-qarjı institutları xızmeti, salıqqa tartıw sisteması awıl xojalıg`ında mu`lkshilik qatnasıqlarının` payda bolıwı ha`mde, elede jedellestirilip barıwı ushın sheshiwshi a`hmiyetke iye boldı. Sol esaptan, respublikamızda fermerlik ha`reketi rawajlanıwındag`ı aktual a`hmiyetke iye bolg`an huqıqıy tiykarlardan biri sıpatında 2012-jıldın` 22-oktyabrindegi qabıl qılıng`an O`zbekistan Respublikası Prezidentinin` «O`zbekistanda fermerlik xızmetin sho`lkemlestiriwdi elede jetilistiriw ha`m onı rawajlandırıw is-ilajları haqqında»g`ı PF-4478-sanlı Pa`rmanı bolıp esaplanadı. Usı Pa`rmanda belgilep berilgen wazıypalar na`tiyjesinde respublikamız boyınsha 157 awıl xojalıg`ı tarawına qa`nigelesken rayonlarda fermerler ken`esleri sho`lkemlestirildi. Fermerler Ken`esinin` sho`lkemlestiriliwi uzaq analizler ha`m awıl xojalıg`ında a`melge asırılg`an reformalardın` na`tiyjelerin ulıwmalastırıw tiykarında, da`wir talabı ha`mde agrar reformalardın` tiyisli basqıshı talaplarınan kelip shıg`ıp payda boldı dep aytsaq orınlı boladı.

O’zbekistan Respublikasında jer qatnasıqları O’zbekistan Respublikası Konstituttsiyası «Jer kodeksi» «Jer kadastrı haqqındag’ı» «Ma’mleket shegarası haqqındag’ı» «Jer monitoringi haqqındag’ı» «Ayrıqsha qorg’alatug’ın ta’biyg’ıy aymaqlar haqqında» «Shirket xojalıqları haqqında» «Fermer xojalıqları haqqında»

«Diyxan xojalıqları haqqında» «Ijara haqqındag'ı» «Menshik haqqındag'ı»:

-Ha'kimshilik juwapkershilik kodeksi Qaraqalpaqstan Respublikasında «Qaraqalpaqstan Respublikası Jer haqqındag'ı nızamı» ha'm tag'ı basqa nızamlar nızam aktleri menen ta'rtipke salınadı.

Jer haqqındag'ı nızam hu'jjetlerinin' tiykarg'ı wazıypaları:

-Jerden ilimiy tiykarlang'an halda aqılg'a muwapıq paydalanıw ha'm onı qorg'awdı

-topıraq o'nimdarlıg'ın tiklew ha'm asırıwda:

-ta'biyg'ıy ortalıqtı asıraw ha'm jaqsılawda,

-xojalıq ju'rgiziwdin' barlıq formaların ten' huqıqlıg'ın tiykarında rawajlandırıw ushın jag'day jaratıwda

-ywridik ha'm fizikalıq ta'replerdin' jer uchastkalarına bolg'an huqıqların qorg'awdı ta'miynlew maqsetinde jer qatnasıqların ta'rtipke salıwdan, sonday-aq bul tarawda nızamlılıqtı bekkemlewden ibarat.

Ma'mleketimizde bazar ekonomikasın rawajlandırıw ha'm alıp barılıp atırg'an ekonomikalıq reformalardın' tiykarg'ı bag'darlarının' biri esabında awıl xoj'lıg'ın rawajlandırıw belgilengen. Usı wazıypalardı orınlaw, awıl xoj'lıg'ı o'ndirisin alg'a ilgerlewdin' sheshiwshi faktorı bul jerden aqılg'a muwapıq o'nimdarlı paydalanıw bolıp esaplanadı. Usı bag'darda jerden ilimiy tiykarlang'an halda aqılg'a muwapıq paydalanıw ha'm onı qorg'aw, topıraq o'nimdarlıg'ın tiklew ha'm asırıw, ta'biyg'ıy ortalıqtı asıraw, ha'm jaqsılaw, xojalıq ju'rgiziwdin' barlıq formaların huqıqlılıq tiykarında rawajlandırıw ushın jag'day jaratıw, ywredik ha'm fizikalıq ta'replerdin' jer uchastkalarına bolg'an huqıqların qorg'awdı ta'miynlew maqsetinde jer qatnasıqların ta'rtipke salıw ma'seleleri jer du'ziw ha'm ma'leketlik jer kadastrın ju'rgiziw arqalı a'melge asırıladı.

# I-bap

## 1.1. Pitkeriw qa`niygelik jumısının` maqseti ha`m wazıypası

Pitkeriw qa’niygelik jumısının` maqseti Qarao’zek rayonı «Berdax» awıl puxaralar jıyını (Karshıg’alı massivi) aymagındagı rayon rezerv jerlerinen «Da’stan bag’ Qarao’zek juwapkershiligi sheklengen jemiyeti mısalında xojalıqqa uzaq mu`ddetke jer ajıratıwda du`ziletug`ın hu`jjetler arqalı ta`labanın` pitkeriw qa`niygelik jumısın orınlawı sebebinen onın` za`ru`r hu`jjetler menen islesiwi ko`nikpelerin bekkemlew, Qarao’zek rayonı aymag`ının’ ha`zirgi jag`dayları haqqında mag`lıwmatlar, «Da’stan bag’ Qarao’zek juwapkershiligi sheklengen jemiyeti haqqında mag’lıwmatlar, jerden paydalanıw jag’dayları, jer ajıratıw joybarı, jerlerden u’nemli paydalanıw jer maydanların ko’beytip, jasap atırg’an jerimizdi, elimizdi ko’rkeytetug’ın. miywe tu’rlerin ko’beytetug’ın, awıl xojalıg’ına qosımsha jerler ajıratılıp, elimizde jasıl landshaft maydanların ko’beytiw.

Pitkeriw qa’niygelik jumısında awıl xojalıg’ınan «Da’stan bag’ Qarao’zek juwapkershiligi sheklengen jemiyetine jer ajıratıw joybarın islew arqalı jer qatnasıqların ta’rtiplestiriw, jerden paydalanıw ha’m jer du’ziw jumısların O’zbekistan Respublikası jer haqqındag’ı nızamlıqlarına sa’ykes u’yreniw, jerlerdi alıp qoyıw ha’m jer ajıratıw ywredik protsesin ra’miylestiriw jumısların o’z betinshe jer du’ziw ha’m ma’mleketlik jer kadastrı jumısların alıp barıw protseslerin a’meliy orınlaw arqalı o’ndirislik jumıslarg’a tayarlanıw maqsetinde u’yreniwge bag’darlang’an.

Qarao’zek rayonının’ «Berdax» awıl puxaralar jıyını (Karshıg’alı massivi) aymagındagı rayon rezerv jerlerinen «Da’stan bag’ Qarao’zek juwapkershiligi sheklengen jemiyetine bag’shılıqqa qa`niygelestrilgen ulıwma maydanı halatı jaman jerlerdi o’zlestirip tazadan bag’ egiw ushın ja’mi 7,8 ga sonnan: 4,8 ga su’rim jerler sonnan 4,8 ga ko’p jıldan egilmey atırg’an halatı jaman su’rim jerler, 0,5 ga jap salma ha’m izeykeshler, 0,3 ga jol ha’m sheller ha’m 2,2 ga Awıl xojalıg’ında paydalanılmaytug’ın basqa jer maydanların 30-jıl mu’ddetke ijarag’a ajıratıp beriw pitkeriw qa’niygelik jumsının’ baslı wazıypası bolıp tabıladı.

Qaraqalpaqstan Respublikası Awıl ha`m suw xojalıg`ı ministrligi, Jer resursları ha`m ma`mleketlik kadastrı basqarması O`zbekistan Respublikası «Jer kodeksi» nin` «Awıl xojalıg'ına arnalg'an jerlerdi beriw» ko'rsetilgen 46-statyasın ha'm «Awıl xojalıg'ı kooperativlerine (shirket xojalıqlarına) basqada awıl xojalıg'ı ka'rxanalarına, ma'keme ha'm sho'lkemlerine jer uchastkaların beriw» ko'rsetilgen 49-statyasın basshılıqqa alıp, jer ajıratıw joybarın tiykarlı dep sanaydı ha'm O`zbekistan Respublikası Jer kodeksinin` jer qatnasıqların retlestiriw salasındag'ı wa'killiklerine baylanıslı 5-statyasına, «Jer du'ziw joybarın qarap shıg'ıw ha'm tastıyqlaw» ko'rsetilgen 13- statyasına muwapıq Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Ken`esine usı juwmaqtı ko'ripshıg'ıp tastıyqlaw ushın usınadı.Jer ushastkasın beriw haqqındag'ı iltimasnama onın' tiykarlang'an ko'pshilik og'an qosımshalar u'yreniledi. Joybar qamtıp alınatug'ın (1: 10 000) aymaqqa reje karta materialların jıyıw ha'm tayarlaw obekt jaylasatug'ın rayonda jerlerdin' awhalın ha'm qunın sıpatlawshı basqa materiallardı bahalaw jer esabı mag'lıwmatların jıyıwberilgen jerler haqqındag'ı materiallardı jıyıw ha'm olar ta'repinen nızamda na'zerde tutılg'an talaplardın' orınlanıwın u'yreniw bolıp tabıladı.

O'z gezeginde bekitilgen jer uchastkasınan joqarı zu'ra'a't alıw awıl xojalıg'ı eginlerinin' zu'ra'a'tliligin(u'sh jıl ushın ortasha jıllıq mug'darın esaplag'anda) jerdin' kadastrlıq bahalawınan to'men bolmag'an da'rejede ta'miynlewge suw obektlerin O'zbekistan Respublikasının' «Suw ha'm suwdan paydalanıw haqqındag'ı» Nızamnın' 35-statyasına muwapıq paydalanıw boyınsha minnetlemelerdi orınlawg'a, awıl xojalıg'ı maqsetindegi jerlerden «Jer kodeksi» nin' 48- statyasına muwapıq paydalanıw boyınsha minnetlemelerdi orınlawg'a, rayonlıq awıl ha'm suw xojalıg'ı basqarması ta'repinen tastıyqlang'an awıl xojalıg'ı eginlerin jaylastırıw sxemasın saqlaw menen 10 jıl dawamında o'ndirislik qa'niygelestiriwdi o'zgertpewge, almaslap egiwdi saqlaw menen ma'mleketlik mu'ta'jlikler ushın o'nim satıwdı a'melge asırıwg'a, kreditorlıq qarızlardı mu'ddetler boyınsha o'tewge sondayaq qoyılg'an basqada jumıslardı orınlaw bu'gingi pitkeriw qa'niygelik jumısının' baslı wazıypası esaplanadı.

## 1.2. Ta`biyg`ıy ekonomikalıq sha`rayatlarg`a a`debiy sholıwlar

Son'g'ı jılları a'melge asırılg'an ekonomikalıq reformalar na'tiyjesinde diyxannın' jerge ha'm o'z miyneti na'tiyjelerine iyelik etiwi ushın jaratılg'an a'hmiyetli huqıqıy tiykarlar, na'tiyjeli ekonomikalıq mexanizmler, diyxan ushın qolay bolg'an bank-qarjı institutları xızmeti, salıqqa tartıw sisteması awıl xojalıg'ında mu'lkshilik qatnasıqlarının' payda bolıwı ha'mde, elede jedellestirilip barıwı ushın sheshiwshi a'hmiyetke iye boldı. Sol esaptan, respublikamızda fermerlik ha'reketi rawajlanıwındag'ı aktual` a'hmiyetke iye bolg'an huqıqıy tiykarlardan biri sıpatında 2012-jıldın' 22-oktyabrindegi qabıl qılıng'an O'zbekistan Respublikası Prezidentinin' «O'zbekistanda fermerlik xızmetin sho'lkemlestiriwdi elede jetilistiriw ha'm onı rawajlandırıw is-ilajları haqqında»g'ı PF-4478-sanlı Pa'rmanı bolıp esaplanadı. Usı Pa'rmanda belgilep berilgen wazıypalar na'tiyjesinde respublikamız boyınsha 157 awıl xojalıg'ı tarawına qa'nigelesken rayonlarda fermerler ken'esleri sho'lkemlestirildi. Fermerler Ken'esinin' sho'lkemlestiriliwi uzaq analizler ha'm awıl xojalıg'ında a'melge asırılg'an reformalardın' na'tiyjelerin ulıwmalastırıw tiykarında, da'wir talabı ha'mde agrar reformalardın' tiyisli basqıshı talaplarınan kelip shıg'ıp payda boldı dep aytsaq orınlı boladı.

Ha'zirgi da'wir talabı bolg'an ekonomikanı modernizatsiyalaw jag'dayında fermer xojalıqları aldına qoyg'an tiykarg'ı maqseti - ta'biyg'ıy faktorlar ha'm materiallıq-texnikalıq resurslardan na'tiyjeli paydalanıw tiykarında sıpatlı ha'm bazarda ba'sekege shıdamlı o'nim jetistirip finanslıq jetiskenliklerge erisiw bolıp esaplanadı. Sonın' ushında fermer xojalıqları jetistirgen awıl xojalıq o'nimlerin tayarlaw, saqlaw, qayta islew ha'm na'tiyjeli satıw ma'selesin sheship almay turıp o'z aldına qoyg'an ko'p payda alıw da'rejesine erise almaydı. Bunday xızmet penen shug'ıllanıp atırg'an fermer xojalıqların biz bu'gingi ku'nde ko'p tarawlı fermer xojalıqları dep aytıp kelmektemiz.

Shirket xojalıg'ınan fermer xojalıg'ın, fermer xojalıg'ıvnın' bolsa o'ndiriste payda keltiretug'ın ko'p tarawlı fermer o'ndirisin sho'lkemlestiriwdegi za'ru'r sha'rtlerden biri bul- ha'r qanday fermer xojalıg'ı o'z da'ramadın (taza payda)

ko'beytiw maqsetinde o'z qa'lewine qaray ıqtıyarlı ra'wishte qosımsha tarawlardı

sho’lkemlestirgen halda ko’p tarawlı fermer xojalıg’ına aylanıwı mu’mkinshiligine iye bolıwı bolıp tabıladı.

Bunın ushın biz bir jerden ulıwma basqarılatug’ın ha’m shirket xojalıg’ı orayında jumıs isleytug’ın 15-20 adam sanın azaytıp, shıg’ınları ko’p emes, bir adam basqaratug’ın, shirket xojalıg’ın bo’listiriw tiykarında du’ziletug’ın fermer xojalıqlarının’ paydalı ekenligin da’lillep alıwımız kerek.

Mine usı aytılg’anlardı a’melde orınlaw ushın biz Qaraqalpaqstan Respublikası Qarao’zek rayonı fermer xojalıqları tiykarg’ı da’ramatı paxta o’nimin, g’a’lle jetistiriw menen birge bag’shılıqtı rawajlandırıw ko’p tarmaqlılıq ha’m o’zinen jetistirilgen o’nimlerdi tolıq,yamasa yarım qayta islewdi o’zinde jetilitiriw bolıp tabıladı ha’m bul onın’ isbilermenlik subekti bolıp esaplanadı. Bunday unamlı jag’daydı Prezidentimiz «Awıllarımız turmısında joqarı na’tiyjelerge erisiwde, aldı menen awıl xojalıg’ı o’ndirisin sho’lkemlestiriwdin’ tiykarg’ı forması sıpatında fermershilikti jolg’a qoyg’anımız ha’m onın’ rawajı ushın ken’ imkaniyatlar ashıp bergenimiz sheshiwshi rol` oynadı» dep ayrıqsha atap o’tken edi. Demek, fermer xojalıqları agrar tarawdın’ tiykarg’ı isbilermenlik sub`ekti sıpatında keleshekte turaqlı ra’wishte rawajlanıwı za’ru’r. Bunın’ ushın olardın’ egin maydanların optimallastırıw tiykarında ko’p tarawlı xojalıqlarg’a aylandırıw processi olardın’ xızmetin modernizaciyalaw negizinde a’melge asırıwdı izbe-izlik penen dawam ettiriw maqsetke muwapıq boladı. Fermer xojalıqlarının’ maydanların optimallastırıwda territoriyalardın’ ta’biyiy sha’rayatları ha’mde olardın’ qa’nigelesiwin itibarg’a alg’an halda islew beriwshi traktorlardın’ quwatlılıg’ına tiykarlanıwı talap etiledi. Sonın’ menen birgelikte fermer xojalıqlarına infrastruktura xızmetlerin ko’rsetiwshi sub`ektlerinin’ uqıplılıqların da itibarg’a alıw maqsetke muwapıq boladı.

Bazar ekonomikası jag’dayında jer maydanları optimallastırılg’an fermer xojalıqlarında ko’p tarawlılıqtı sho’lkemlestiriwde, to’mendegilerdi itibarg’a alıw usınıs etiledi:

- tutınıwshılardın’ yag’nıy ishki, sırtqı bazar talapların, sonday-aq ma’mlekettin’ buyurtpaları orınlang’anlıg’ın;
- ilimiy ha’m a’meliy ta’repten tiykarlang’an eginlerdi almaslap egiwdi;

- fermer xojalıqlarının’ qa’nigelesiwin;

- barlıq faktorlardan tolıq, aqıllılıq penen ha’m na’tiyjeli paydalanıwdı;

- tarawlardın’ o’z-ara u’zliksiz baylanıslılıg’ı, ha’m olardın’ na’tiyjeliligi;

- miynet resursların tejep, miynet o’nimdarlıg’ın joqarılatıwdı;

- materiallıq ha’m finanslıq qa’rejetlerdi tejep o’nimnin’ o’zine tu’ser bahasının’ pa’seyiwin;

- sho’lkemlestiriwshilik, sostavlıq ha’m basqa faktorlardı u’zliksiz ha’m na’tiyjeli bolıwlılıg’ın. Awıllıq jerlerde isbilermenlikti rawajlandırıwg’a qaratılg’an ken’ ko’lemde ilajlar a’melge asırılmaqta. Usıg’an baylanıslı O’zbekistanda fermer xojalıqların rawajlandırıwg’a agrar tarawda a’melge asırılıp atırg’an ekonomikalıq reformalardın’ en’ a’hmiyetli bag’darı sıpatında qaralmaqta. Bunın’ na’tiyjesinde xojalıq jurgiziw formaları arasında fermer xojalıqlarının’ statusı jıldan-jılg’a joqarılap barmaqta. Respublikamız boyınsha ko’p tarmaqlı fermer xojalıqları esabınan ja’mi 8572 jan’a jumıs ornı jaratılıwı Da’sturge kiritilgen bolsa, sonnan 8254 (97%) jan’a jumıs orınları jaratıldı.

Bu’gingi ku’nde ma’mleketimiz fermer xojılıqları paxtashılıq, g’a’lleshilik, bag’shılıq, sharwashılıq ha’m awıl xojalıg’ının’ basqa tarawlarında xızmet ko’rsetiw menen birgelikte awıl xojalıq o’nimlerin qayta islew tarawında da xızmet ko’rsetip atırg’anlıqları hu’kimetimiz ta’repinen olardı qollap-quwatlaw bag’darında alıp barılıp atırg’an reformalardın’ na’tiyjesi sıpatında sa’wlelenbekte. Fermer xojalıqların ko’p sapalı ekonomikanın’ g’a’rezsiz sektorı sıpatında sho’lkemlestiriwdin’ ob`ektiv za’rurligi ekonomikalıq, sociallıq faktorlar menen de tiykarlanadı.

Respublikada fermer xojalıqlarının’ sanı ha’m olardın’ jer maydanlarının’ ken’eyiwi (artıwı) – Respublika Prezidenti ha’m Ministrler Kabinetinin’ «Fermer xojalıqlarının’ 2004-2007 jıllarda rawajlandırıw konfeptsiya»sı ha’mde «Egislik maydanların optimallastırıw ha’m azıq-awqat o’nimlerin ko’beytiw ilajları

haqqında»g’ı ha’m basqada qararlardın’ a’meliyatqa usınıs etiliwide usı tarawda xızmet ko’rsetip atırg’anlardın’ pidayı miynetleri na’tiyjesine erisilgen.

Qaraqalpaqstan Respublikasında ko’p tarmaqlı fermer xojalıqların sho’lkemlestiriw ha’m onı rawajlandırıw boyınsha qabıl etilgen da’stur orınlanıwı

boyınsha 2015 jıl da'stu'ri boyınsha 1759 fermer xojalıg'ın ko'p tarmaqlıg'a aylandırıw rejege kiritilip sonnan a'melge asırılatug'ın joybarlar (proekt) 1840 dı quraydı.

Sonnan jıl juwmag'ı boyınsha 1716 fermer xojalıg'ında (98%) 1766 joybar (proekt) a'melde orınlandı.

Respublikamız boyınsha ko'p tarmaqlı fermer xojalıqları esabınan ja'mi 8572 jan'a jumıs ornı jaratılıwı da'sturge kiritilgen bolsa, sonnan 8254 (97%) jan'a jumıs orınları jaratıldı.

Atap aytatug'ın bolsaq; İntensiv bag'lar – sho'lkemlestiriw reje boyınsha 74 fermer xojalıg`ında 162 gektar maydang'a intensiv bag' jaratıw rejelestirilgen sonnan 74 fermer xojalıg'ında 162 gektarda (reje boyınsha 100 %) jaratıldı.

Jergilikli bag' – respublika boyınsha 22 fermer xojalıg'ında 40 gektarg'a jergilikli bag' jaratıw da'stu'rge kiritilgen bolıp, bu'gingi ku'nge kelip Da'stu'r boyınsha 22 fermer xojalıg'ta 40 gektarda (reje boyınsha 100 %) jaratıldı.

Tokzar (Juzimgershilik) – respublika boyınsha 130 fermer xojalıg'ında 221 gektarda jaratıw rejelestirilgen bolıp bu'gingi ku'nge kelip 130 fermer xojalıg'ında 221 gektarda (reje boyınsha 100%) a'melge asırıldı.

Na'lshilik 3 fermer xojalıg'ında 3 gektar jerde a'melge asırıw rejelestirilip, bugingi kunde 100% orınlandı.

Baw-baqsha – respublika boyınsha 909 fermer xojalıg'ında 4612 gektarg'a baw-baqsha o'nimlerin egiw da'stu'rge kiritilip bu'gingi ku'nge kelip 100% reje orınlandı. Qaramalshılıq – respublika boyınsha 150 fermer xojalıg'ında 2632 bas qaramal bag'ıu rejege kiritilip, 132 fermer xojalıg'ı 2164 bas qaramal bag'ıp o'sirmekte. Qusshılıq – respublika boyınsha 148 fermer xojalıg'ında 202300 bas tawıq bag'ıu na'zerde tutılıp, 144 fermer xojalıqta 164800 tawıq bag'ılmaqta.

Miywe-palız o'nimlerin qayta islew - respublika boyınsha 6 fermer xojalıg'ında a'melge asırıw rejelestirilip, sonnan 2 fermer xojalıq o'z jumısın basladı. Awıl xojalıq o'nimlerin qayta islew – respublika boyınsha 13 fermer xojalıg'ında a'melge asırıw rejelestirilip 13 fermer xojalıg'ı ha'reketke tu'sti.

Servis xızmeti - respublika boyınsha 180 fermer xojalıg'ında 261 loyiha a'melge asırıw rejelestirilip, sonnan bugingi kunge kelip 173 fermer xojalıg'ı 230

joybar a’melde ha’reketke tu’sti.

Joqarıdag’ılardı itibarg’a alg’an halda ko’p tarawlı qa’nigelesken fermer xojalıqları bir qansha bag’darlar boyınsha sho’lkemlestiriliwi mu’mkin.

Mısalı, paxta ha’m g’a’lleshilikke qa’nigelesken fermer xojalıqları quramına azıq-awqatlıq eginleri (bir jıllıq ha’m ko’p jıllıq) kartoshka, ovosh, sonday-aq qaramalshılıq sho’lkemlestiriliwi mu’mkin. Bul tarawlar bir-biri menen u’zliksiz baylanısqan halda barlıq tarawlardın’ rawajlanıwın ta’miynlew menen birgelikte tutınıwshılardın’ o’nimlerge bolg’an talaplarında qanaatlandıradı.

Bunda aldı menen ma’mleket buyurtpasının’ orınlanıwın ta’miynleytug’ın maydang’a paxtanın’ egiliwi ha’m gu’z aylarına barg’anda belgili bir maydanında da’nli eginlerdin’ egiliwi, g’a’lle maydanlarınan o’nim jıynastırılıp alıng’annan son’ belgili bir bo’legine almaslap egiwdi usıng’an halda kartoshka, ovosh ha’m azıq-awqatlıq eginlerin egiw lazım. Fermer xojalıqlarında azıq-awqatlıq eginleri egiliwi na’tiyjesinde usı ma’selelerdin’ sheshiliwi ta’miynleniwi mu’mkin:

- usı egislik maydanlarda ma’lim bir mug’darda mikro ha’m makro elementler toplanıp topıraqtın’ o’nimdarlıg’ının’ joqarılawın ta’miyinleydi;
- qaramalshılıq tarawı talabın qanaatlandıratug’ın mug’darda sıpatlı azıq-awqatlıq o’nimler jetistirilip xojalıqtın’ azıq-awqatlıq bazasın bekkemleydi;
- eginlerdi almaslap egiw ha’m basqada ma’seleler sheshiledi.

Juwmaqlap aytqanda, ma’mlekette fermerlik ha’reketin bunnan bılayda rawajlandırıw isenimli tu’rde ma’mleketimizdin’ keleshegin, xalqımızdın’ ashıq aydınlıg’ın ta’miyinlewge, elede gu’llep jaynawına u’les bolıp qosıladı.

### 1.3. Rayon ta’biyiy sharayatının’ o’zgeshelikleri

***Klimatı.*** Rayon klimat sharayatları boyınsha Qaraqalpaqstan Respublikasının’ basqa territoriyalarınday-aq sho’l zonasına ta’n o’zgesheliklerge iye. Rel`fi tegisliklerden ibarat ha’m ha’m arqa shıg’ıstan keliwshi suw-hawa massaların irkiwshi ta’biyiy tosqınlıq joq. Sonlıqtan territoriya keskin kontinental atmosfera jawın shashınlarının’ mug’darı ju’da’ az, puwlanıwshılıq mu’nkinshiligi atmosfera jawın-shashınlarınan bir neshe ma’rtebe ko’p. Jazı qurg’aq, ıssı, qısı aytarlıqtay

suwıq temperaturanın' sutkalıq, aylıq rejimi ju'da' turaqsız bolıp keliwi menen sıpatlanadı.

Rayon klimatın sıpatlaw ushın en' Shımbay meteostantsiyasının' mag'lıwmatlarınan paydalanamız (1-keste). Biraq rayonnın' klimatlıq o'zgesheliklerin ko'rsetiw ushın bul mag'lıwmatlar jetkiliksiz bolg'anlıqtan qon'sılas terretoriyalardag'ı meteostantsiyalardın' mag'lıwmatları menen salıstırma sıpatlamasın beremiz. Bunın' ushın biz tu'sliktegi No'kis ha'm Qaraqalpaqstan Qızıl-qumında jaylasqan Shopanqazg'an meteostantsiyaları mag'lıwmatlarınan paydalanamız. (2-keste).

Shımbay meteostantsiyasının' mag'lıwmatları boyınsha rayon ortasha jıllıq hawa temperaturası +9,1 $^0$S, yanvar` ayınıki -7, iyul` ayınıki +25,4$^0$S ten'. Bul ko'rsetkish Shopanqazg'anda +10,5$^0$S, 8,1$^0$S ha'm +28,23$^0$S, No'kiste +10,1$^0$S, -6,4$^0$S, +27,1$^0$S ekenligin ko'remiz. Demek rayonnın' ortasha jıllıq hawa temperaturası Shopanqazg'ang'a qarag'anda 0,1$^0$S, g'a ten', No'kiske qarag'anda 1$^0$S to'men.Yanvar` ayının' ortasha hawa temperaturası No'kisten 0,6$^0$S qa to'men bolsa, Shopanqazg'ang'a salıstırg'anda 1,1S$^0$ joqarı,iyul` ayınıki No'kiske qarag'anda 1,7$^0$S qa, al Shopanqazg'agng'a qarag'anda 2,9$^0$S qa to'men.

Bunın' baslı sebebi No'kis metostatsiyası qublada jaylasqanlıg'ı bolsa, Shopanqazg'an sho'l ortasında jaylasıwına baylanıslı.Biraq keyingi jılları rayonnın' jıllıq ortasha ha'm aylıq temperaturası bir qansha joqarlıg'ı ko'zge taslanbaqta. Bul ha'diyse jaz ayları temperaturalarında baqlanıp iyul` ayının' ortasha hawa temperaturası 2$^0$S do'gereginde joqarı bolg'anı baqlanbaqta. Bul ko'teriliw jazdag'ı ju'da' joqarı temperaturalardın' na'tiyjesinde ju'z bermekte. Bunday ju'da' joqarı temperaturalar (+37$^0$S joqarı) awıl xojalıq eginleri ushın paydasız bolıp, kerisinshe ıssı urıp ketiw ha'diysesin keltirip shıg'armaqta.

Jıl boylıq atmosfera jawın shashınları Shımbayda ortasha 90 mm, do'gergende ha'm olardın' bo'listiriliwinde ma'wsimler boyınsha ju'da' nategis bolıp keledi. En' ko'p jawın-shashın ba'ha'r aylarında (mart, may) tuwrı keledi eu mm (41,qprotsent) qıs aylapının' dekabr`, fevral` 28 mm (31,1 protsent) gu'z aylarına 15 mm (16,7 protsent) tuwrı kelse jaz aylarına tek 10 mm (11,1 protsent) g'ana tuwrı keledi. Jawın-shashınlardın' ba'ha'r aylarına tuwrı keliwi ba'ha'rdin' egislik da'wirinde

ku'shli zıyanın tiygizedi. Awıl xojalıq eginlerin qaytadan egiwge, al o'skennen keyin bolg'an jawınlar qatıwash payda bolıwına alıp keledi.

Bul na'rse rayon ekonolmikasına ku'shli ta'sir etedi ha'm awıl xojalıq eginlerinnin' o'sip jetilisiw da'wirin arqag'a sozıp jiberedi. Sonday-aq awıl xojalıg'ınan alınıtug'ın, o'nimnin' o'zine tu'ser bahasın bir neshe barabar o'sirip jiberedi. Royanda suwıqsız ku'nler sanı 189 ku'n do'gereginde bolıp, ol ba'ha'rde

11 aprelden -17 oktyabrge deyingi aralıqtı o'z ishine aladı. Ba'ha'rdegi +10$^0$S tan o'tiwshi data 10-aprel`den baslap gu'zde 13-oktyabr`den tamalanadı ha'm 184 ku'nge ten'. Bul jag'day erte egilgen ayrım eginlerde ha'm miywe ag'ashlarının ju'da' u'lken zıyannın tiygizedi. Keyingi jılları ba'ha'rdegi son'g'ı suwıq urıw da'wiri may ayının' birinshi 10 ku'nligindede baqlanatug'ın boldı. Gu'zdegi birinshi suwıq urıw qubılısında erte baqlanatug'ın boldı. Sol sebebli keyingi jıllar paxta,salı usag'an ıssılıqtı su'yiwshi diyxanshılıq eginleri ku'shli zıyan ko'rmekte. Sonday-aq ba'ha'rdegi ha'dden tıs salqın ku'nler awıl xojalıq eginlerine zıyanlı qurt ha'm tag'ı basqa nasekomalardın' jaqsı rawajlanıwına unamlı ta'sir jasamaqta. Bulardın' barlıg'ı ku'shli unamsız ta'sir jasamaqta ha'm diyxanlarg'a diydilengen o'nimdi jıynap alıwına tosqınlıq etpekte.

**Keste 1.3.1.**

**jawanın' ortasha aylıq ha'm jıllıq temperaturaları ($^0$S)**

| № | Meteostantsiya | I | II | III | IV | V | VI | VII | VIII |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Shopanqazg'an | -8,8 | -5,3 | 2,4 | 12,5 | 20,7 | 26,1 | 28,3 | 25,8 |
| 2 | Shımbay | -7,0 | -4,0 | 2,4 | 11,6 | 19,2 | 23,7 | 25,4 | 23,7 |
| 3 | No'kis | -6,4 | -3,8 | 3,2 | 12,7 | 20,5 | 25,1 | 27,1 | 24,6 |

| № | Meteostantsiya | IX | X | XI | XII | jıl | Absolyut temp-4 | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | | mas. | min. |
| 1 | Shopanqazg'an | 18,9 | 10,0 | 0,9 | -5,2 | 10,5 | 46,0 | -38,0 |
| 2 | Shımbay | 17,4 | 9,4 | 1,7 | -4,3 | 9,8 | 45,0 | -32,0 |
| 3 | No'kis | 18,5 | 10,2 | 2,0 | -4,0 | 10,8 | 46,0 | -33,0 |

**Keste 1.3.2.**

**Ortasha jıl boylıq atmosfera jawın shashınlarının’ bo’listiriliwi**

| Meteostantsiya | | | I | II | III | IV | V | IV | IIV | IIIV |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Shopanqazg’an | mm | 7 | 11 | 13 | 13 | 10 | 4 | 3 | 2 |
| | | % | 8,0 | 12,6 | 14,9 | 14,9 | 11,5 | 1,6 | 3,4 | 2,3 |
| 2 | Shımbay | mm | 7,0 | 12,0 | 13,0 | 13,0 | 11,0 | 5,0 | 3,0 | 2,0 |
| | | % | 7,8 | 13,3 | 14,4 | 14,4 | 12,2 | 5,5 | 3,3 | 2,2 |
| 3 | No’kis | mm | | | | | | | | |
| | | % | | | | | | | | |

| Meteostantsiya | | | IX | X | XI | XII | jıl | IX-XI | XII-II | III-V | VI-VII |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Shopanqazg’an | mm | 3 | 6 | 6 | 9 | 87 | 15 | 27 | 36 | 9 |
| | | % | 4,3 | 7,0 | 7,0 | 10,3 | 100,0 | 17,3 | 31,0 | 41,3 | 10,3 |
| 2 | Shımbay | mm | 3,0 | 6,0 | 6,0 | 9,0 | 90,0 | 15,0 | 28,0 | 37 | 10 |
| | | % | 3,3 | 6,7 | 4,7 | 10,0 | 100,0 | 16,7 | 31,1 | 41,1 | 2,2 |
| 3 | No’kis | mm | | | | | | | | | |
| | | % | | | | | 82,0 | 13 | 27 | 45 | 15 |

Shımbayda $+10^0$S tan joqarı effektiv temperaturalar jıynag’ı 19-$16^0$S, al $+5^0$S tan joqarı effektiv temperaturalar jıynag’ı 29-$20^0$S tı quraydı, effektiv temperaturalardın’ bunday mug’darda ko’pshilik awıl xojalıq eginlerinin’ tu’rlerin egip o’siriwge mu’mkinshilik beredi. Paxtanın’ en’ tez piser sortları g’ana pisip jetilisedi. Olardın’ pisip jetilisiwinde effektiv temperaturaları 85-90 protsent do’gereginde bolıp ha’r on jılda bir, eki jıl paxta tolıq pisip jetilisiwinde, jetkiliksizbolıp qaladı.Biraq salının’ orta ha’m kesh piser sortları ma’kkenin’, ju’werinin’, biydaydın’, pisip jetilisiwine tolıq mu’mkinshilik bar.Jon’ıshqanı tolıq tort ma’rte orıp alıwg’a boladı.

Keyingi 10-15 jıl ishinde effektiv temperaturalar jıynag’ı ko’p jıllıq korsetkishlerden 10 protsentke jaqın ko’beydi,ulıwma alg’anda bul na’rse quwandırırlı ag’day biraq olardın’ mug’darın ko’beytiw jaz` aylarındag’ı en’ ıssı temperaturalı esabına ju’z bermekte ($+36^0$S tan joqarı), al bunday ıssı temperaturalar mug’darı awıl xojalıg’ı eginleri ushın payda bermey, kerisinshe zıyan tiygizedi (ıssı urıw qubılısı). Bunday joqarı temperaturalar mug’darı puwlanıwshılıq da’rejesin arttıradı ha’m hawanın’ ıg’allıg’ın to’menletedi (3- keste, 4-keste).

Puwlanıwshılıq da’rejesinin’ joqarılıg’ı jer astı suwları qa’ddi 0-7 metr teren’likte bolg’an maydanlarda intensiv suwdın’ vertikal` ha’reketin keltirip shıg’arıladı ha’m topıraqtın’ aktiv tu’rine duzlasıwına alıp keledi (5-keste).

Solay etip rayon klimatının’ qısqasha sıpatlaması boyınsha suwg’arıw menen erte piser paxta, salı, makke, jon’ıshqa h.t.b. awıl xojalıg’ı eginlerin o’siriwge mu’mkinshilik bar ekenligin ko’remiz.

## 1.5. Topırag’ı

Rayonda topıraq payda bolıw qubılısı klimat, irregatsiyalıq xojalıq xızeti ha’m basqada faktorlar ta’sirinde boladı.

Deltalıq rayonnın’ topıraqları A.İ.Kalashnikovtın’ h.t.b. (1956) mag’lıwmatları boyınsha ayrım jag’daylarda tek klimatlıq ta’sirler na’tiyjesinde (topıraqlar, taqırlı topıraqlar, qaldıq, shorlaqlı) payda bolıwı mu’mkin. Eger o’tkinshi jag’dayda udayı klimat ta’sirinde ıg’allanıw bolmasa, onda otlqlı topraqlar, otlaqlı sho’l topıraqlar, al eger ıg’allıq mol bolg’an jag’dayda otlaqlı, batpaqlı otlaqlı, batpqlı topıraqlar, tipik otlaqlı ha’m batpaqlı shorlaqlar rawajlanadı. Bul topıraqlardı diyxanshılıq ushın o’zlestirip uzaq jıllar dawamında awıl xojalıq eginlerin egip olardıq jag’dayın jaqsılag’anımızda ma’deniy topıraqlar varianları kelip shıg’adı. Mısalı, Suwg’armalı otlaqlı, suwg’armalı batpaqlı topıraqlar h.t.b. Rayon territoriyasında sho’l zonasının’ suwg’armalı otlaqlı topıraqları en’ u’lken maydandı iyeleydi, olar ushın jer astı suwları onshelli teren’ bolmawı xarakterli. Batpaqlı topıraqlar pa’s uchastkalarda ayrım irregatsiya tarmaqlarının’ boylarında ha’m kishigirim ko’llerdin’ jag’alarında jaylasadı. Shorlaqlar rayon territoriyasında suwg’armalı maydanlardın’ derlik barlıq orınlarında gezlesedi. Taqırlı topıraqlar rayonnın’ en’ arqadag’ı burıng’ı aqqan da’r`ya an’g’arlarında gezlsedi.

Otlaqlı sho’l ha’m otlaqlı taqırlı topıraqlar rel`ftin’ biyik ha’m suwg’arılmaytug’ın uchastkalarına ta’n bolıp keledi. Olardın’ qa’siyetleri bir ta’repten burıng’ı otlaqlı topıraqlarg’a ta’n shım bar bolsa, ekinshi ta’repten tipik zona sho’l ha’m topıraqlarg’a ta’n qa’siyetlerge iye boladı.

Rayon territoriyası tiykarınan sho`l zonasında jaylasqan. Bul jjerde topıraq payda etiwshi protsess ju`da` ıssı ha`m qurg`aq klimat sha`rayatında o`tedi. Joqarıda

gu`zetilgen ta`biyg`ıy sha`rayatlar suwg`arılatug`ın jjerljerden otlaqlı gidromorf ha`m shor topıraqlardın` qa`liplesiwine alıp keledi. Suwg`arılatug`ın topıraqlar tipinde qa`dimnen suwg`arılatug`ın otlaqlı, taqır utlaqlı ha`m batpaqlı otlaqlı topıraqlar tipsheljerinin` rawajlanıwına alıp keledi.

keste-1.5.1.

*Qarao`zek rayonı topıraqlarının` mexanikalıq quramı*

| | massivler | Mexanikalıq quramı | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | saz | awır | orta | jenil | qumlaqlı | qumlı | Ja`mi. |
| 1 | Qarako`l | 176,1 | 344,6 | 1738,4 | 1388,6 | 88,3 | | **3736** |
| 2 | Qarshıg`alı | | 378 | 1838,9 | 1703,1 | | | **3920** |
| 3 | Quralpa | | 625,7 | 1591,2 | 1760,1 | | | **3977** |
| 4 | QQ 40 jıllıg`ı | 191,3 | | 206,3 | 242,6 | 303,3 | 7,5 | **951** |
| 5 | Ma`deniyat | 1496,3 | 2174,6 | 1391 | 1463,1 | 387,2 | 180,8 | **7093** |
| 6 | Qarao`zek | 575,1 | 935,8 | 3161,2 | | 601,9 | | **5274** |
| 7 | A.Dosnazarov | | 1055,4 | 1525,5 | 1937,7 | 300,4 | | **4819** |
| 8 | Esimo`zek | 177,8 | 658,7 | 1605,6 | 1438,2 | 101,7 | | **3982** |
| 9 | İnkubator İnvest | | | | 30 | | | **30** |
| 10 | №22 sanlı mektep | | | 1 | | | | **1** |
| | **Rayon boyınsha:** | **2612,7** | **6131,2** | **13182,7** | **9885,3** | **1782,8** | **188,3** | **33783** |

Topıraqlardın` sıpatın alıp qaraytug`ın bolsa **Qarshıg`alı** massivinde 3920 gektar suwg`arilatug`ın jjerler bolıp, mexanikalıqalıq sostav boyınsha 378 ga awır qumaq, 1838,9 ga orta qumaq ha`m 1703,1 ga jjerler jen`il qumaq mexanikalıq qwramg`a iye.

Shorlanıw da`rejesi boyınsha massivte 593,7 ga jjer ortash ha`m 3326,3 ga ku`shili jorlang`an jjerljer bar. Topıraq quramında gumustın` mug`darı bul massivde 1-2% a`trapında, ja`ne 763,5 gektarı 1% ke shekem ha`m 3156,5 gektarı 2% ke shekem. Fosfor menen 1837,7 gektar ju`da` az, 248,7 gektarı kem, 1833,6 gektarı ortasha da`rejede, kaliy menen 1837,7 gektarı ju`da` kem, 2082,3 gektarı kem da`rejede ta`minlengen.

# II bap

# Joybarlıq bo`lim

## 2.1. «DA’STAN BAG’ QARAO’ZEK» juwapkershiligi sheklengen ja`miyetinin` qatnas qag`azı

## 2.2. Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler ken`esinin` Qararı

**2.3.** Qaraqalpaqstan Respublikası Awıl ha'm suw xojalıg'ı Ministrligi, Jer resursları ha'm ma'mleketlik kadastrı basqarmasının' Qarao'zek rayonı «Berdax» awıl puxaralar jıyını (Qarshıg'alı massivi) aymag'ındag'ı rayonlıq rezerv jer maydanlarınan «Dastan bag' Qarao'zek» juwapkershiligi sheklengen ja'miyetine bag'shılıqtı rawajlandırıw ushın jer uchastkasın 30-jıl mu'ddetke ijarag'a beriw haqqında

## J U W M A G' I

« »___________ 2013-jıl.

Jer uchastkasın ajıratıp beriw jumısları: «Dastan bag' Qarao'zek» juwapkershiligi sheklengen ja'miyetinin' 2013-jıl 15-maydag'ı 1-sanlı qatnas xatı, O'zbekstan Respublikası «Jer kodeksi»nin' «Jer duziwdin' wazıypaları ha'm mazmunı» ko'rsetilgen 12-statyası ha'mde O'zbekistan Respublikası Ministrler Kabinetinin' 2004-jıl 19-oktyabrdegi 483-sanlı qararı tiykarında «Uzdaverloyiha» institutı Qaraqalpaqstan bo'limi ta'repinen orınlandı.

Rayonlıq jer tan'law ha'm ajıratıw boyınsha turaqlı ha'reket etiwshi komissiyasının` 2013-jıl 27-iyundag'ı akti, O'zbekistan Respublikası «Jer kodeksi»nin'. «Rayonlar ma'mleketlik ha'kimiyat uyımlarının' jer qatnasıqların retlestiriw salasındag'ı wa'killikleri» ko'rsetilgen 6-statyası, «Jer uchastkalarına turaqlı ha'm mu'ddetli (uakıpla) iyelik etiw)ha'm olardan turaqlı)(kem mu'ddetli (waqıtsha) paydalanıw huqıqı» ko'rsetilgen 20-statyası, «Jer uchastkaların beriw (realizatsiya etiw)» ko'rsetilgen 23-statyaları tiykarında Qarao'zek rayonı xa'kiminin', 2013-jıl 29-iyundag'ı 280/6-sanlı Qarao'zek rayonı «Berdax» Awıl puxaralar jıyını (Qarshıg'alı massivi) aymag'ındag'ı rayonlıq rezerv jer maydanlarınan «Dastan bag' Qarao'zek» juwapkershiligi sheklengen jemiyetine halatı jaman jerlerdi o'zlestirip tazadan bag' egiw ushın ja'mi 7,8 ga sonnan: 4,8 ga su'rim jerler sonnan 4,8 ga ko'p jıldan egilmey atırg'an halatı jaman su'rim jerler, 0,5 ga jap salma ha'm izeykeshler, 0,3 ga jol ha'm sheller ha'm 2,2 ga Awıl xojalıg'ında paydalanılmaytug'ın basqa jer maydanların 30-jıl mu'ddetke ijarag'a ajıratıp beriw haqqındag'ı qararı qabıl etilgen.

Qaraqalpaqstan Respublikası Awıl ha'm suw xojalıg'ı ministrligi, Jer resursları ha'm ma'mleketlik kadastrı basqarması O'zbekstan Respublikası Jer kodeksinin «Awıl xojalıg'ı na arnalg'an jerlerdi beriw» ko'rsetilgen 46-statyasın ha'm «Awıl xojalıg'ı kooperativlerine (shirket xojalıqlarına) basqa da Awıl xojalıg'ı ka'rxanalarına, ma'keme ha'm sho'lkemlerine jer uchastkaların beriw» ko'rsetilgen 49-statyasın basshılıqqa alıp, jer ajıratıw joybarın tiykarlı dep sanaydı ha'm O'zbekstan Respublikası Jer kodeksinin' jer qatnasıqların retlestiriw salasındag'ı wa'killiklerine baylanıslı 5-statyasına, «Jer du'ziw joybarın qarap shıg'ıwın ha'm tastıyqlawın» ko'rsetilgen 13-statyasına muwapıq Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Ken'esine usı juwmaqtı ko'rip shıg'ıwın ha'm tastıyıqlaw ushın usınadı.

Qaraqalpaqstan Respublikası awıl
ha'm suw xojalıg'ı ministri S.Xojametov

Qaraqalpaqstan Respublikası
Jer resursları ha'm ma'mleketlik
kadastrı basqarması baslıg'ı U.Jalelov

**2.4.** Qarao’zek rayonı ha`kimi D.Utemuratovtın` «Dastan bag’ Qarao’zek » juwapkershiligi sheklengen ja’miyetine bag’shılıqtı rawajlandırıw ushın jer uchastkasın ijaraga ajıratıp beriw haqqında sheshimi

QARAQALPAQSTAN
RESPUBLİKASI
QARAO`ZEK RAYONI
HA’KİMİNİN’
SHESHİMİ

Qarao’zek rayonı
№280/6

QORAQALPOG’İSTON
RESPUBLİKASİ
QORAUZAK TUMANİ
HOKİMİNİN’
QARORİ

Ko rauzak tumani
«29» iywn 2013 jıl

Qarao’zek rayonı «Berdax» awıl puxaralar jıyını aymag’ındag’ı rayonlıq rezerv jer maydanlarınan «Dastan bag’ Qarao’zek » juwapkershiligi sheklengen ja’miyetine bag’shılıqtı rawajlandırıw ushın jer uchastkasın ijaraga ajıratıp beriw haqqında

O’zbekstan Respublikası Ministrler Kabinetinin’ 2013 jı l  11-oktyabrdegi 01-03-30-32-sanlı bayanı qararına muwapıq, «Dastan bag’ Qarao’zek» juwapkershiligi sheklengen ja’miyetine bag’shılıqtı rawajlandırıw ushın jer uchastkasın ajıratıp beriw haqqındag’ı hu’jjetlerdi ko’rip shıg’ıp ha’m O’zbekstan Respublikası «Jer kodeksi»nin’ 6-statyasına tiykarlana otırıp,

**S H E S H İ M  E T E M E N :**

1. Qarao’zek rayonı «Berdax» Awıl puxaralar jıyını aymag’ı rayonlıq rezerv jer maydanlarınan «Dastan bag Qarao’zek» juwapkershiligi sheklengen ja’miyetine halatı jaman jerlerdi o’zlestirip tazadan bag’egiw ushın ja’mi 7,8 ga sonnan: 4,8 ga su’rim jerler sonnan: 4,8 ga ko’p jıldan paydalanılmay atırg’an halatı jaman su’rim jerler, 0,5 ga jap-salma ha’m izeykeshler, 0, ko’l ha’m sheller, 2,2 ga awıl xojalıg’ında paydalanılmaytug’ın basqa jer maydanların 30-jıl muddetke ijarag’a ajıratıp beriw haqqındag’ı 2013 jıl 27-iyun ku’ngi akti tastıyqlansın.

2. Rayonlıq Jer resursları ha’m ma’mleketlik kadastrı bo’limine (S.Reymov) usı sheshimge tiykarlanıp rayonlıq jer esabatına tiyisli o’zgerisler kirgiziw tapsırılsın.

3. Usı sheshimdi ko’rip shıgıp tastıyqlaw Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Ken’esinen soralsın.

4. Usı sheshimnin’ orınlanıwın qadag’alaw rayon ha’kiminin’ birinshi orınbasarı P. Dawletovqa ju’klensin.

Qarao’zek rayonı ha`kimi D.Utemuratov

**2.5.** Qarao'zek rayonı Awıl ha'm suw xojalıg'ı bo'liminin' «Berdax» awıl puqaralar jıyını (Qarshıg'alı massivi) aymag'ındag'ı rayonlıq rezerv jer maydanlarınan «DASTAN BAG' QARAO'ZEK» juwapkershiligi sheklengen ja'miyetine halatı jaman jerlerdi o'zlestirip tazadan bag' egiw ushın jer uchastkasın ijaraga ajıratıp beriw haqqında

## Juwmag`ı

Qarao'zek posyolkası 2013-jıl

Jer uchastkasın ajıratıwg'a tiykar: **«DASTAN BAG' QARAO'ZEK»** juwapkershiligi sheklengen ja'miyetinin' 2013-jıl 15-maydag'ı 1-sanlı qatnas xatı ha'm O'zbekstan Respublikası «Jer kodeksi» nin 20,23,46.49- statyalarına tiykarlanıp islendi.

Rayonlıq komissiya o'zinin'. 2013-jıl «2?» /S akti menen «Berdax» Awıl puxaralar jıyını (Qarshıg'alı massivi) aymag'ındag'ı rayonlıq rezerv jer maydanlarınan **«DASTAN BAG' QARAO'ZEK»** juwapkershiligi sheklengen ja'miyetine halatı jaman jerlerdi o'zlestirip tazadan bag' egiw ushın ja'mi 7,8 ga sonnan: 4,8 ga surim jerler sonnan 4.8 ga kem jıldan egilmey atırg'an halatı jaman su'rim jerler, 0,5 ga jap salma ha'm izeykeshler, 0,3 ga jol ha'm sheller ha'm 2,2 ga awıl xojalıg'ında paydalanılmaytug'ın basqa jer maydanların 30 jıl muddetke ijarag'a ajıratıp beriwdi uyg'ardı.

Ajıratılıp atırg'an 4,8 ga su'rim jerler «Uzdaverloyixa» institutı jer kadastrı filialının' 1999-jılg'ı ball bonitetin anıqlaw hu'jjetleri boyınsha ortasha 34,0 ball ga iye.

Qarao'zek rayonı Awıl ha'm suw xojalıg'ı bo'limi usınılg'an hu'jjetlerdi tiykarlı dep sanaydı ha'm hu'jjetlerdi Qarao'zek rayonı ha'kiminen ko'rip shıg'ıwın ha'm tastıyıqlawın soraydı.

**Qarao'zek rayonlıq awıl ha`m**
**suw xojalıgı bo'limi baslıg'ı** **Utambetov U.**

## 2.6. AKT

Qarao’zek poselkası 2013-jıl «__» __________

Du’ziledi usı akt Qarao’zek rayonı ha’kiminin’, 2013-jıl 3-yanvar №4-6 sanlı biyligi tiykarında Jer uchastkaların iyelik etiwge, paydalanıwg’a, ijarag’a beriw ha’m mu’lk etip beriw (realizatsiya qılıw) ma’selelerin ko’rip shıg’ıw boyınsha du’zilgen turaqlı komissiyanın’ to’mendegi qol qoyıwshı ag’zaları qatnasıwında.

**Komissiya baslıg’ı:**

1. Dawletov P. - rayon ha’kiminin’, birinshi orınbasarı,komissiya baslıg’ı
2. Reymov S. - rayonlıq Jer resursları ha’m ma’mleketlik kadastrı bo’limi baslıg’ı, komissiya xatkeri.

**Komissiya ag’zaları:**

3. Xalmuratov Q - rayon ha’kiminin’. orınbasarı
4. Utambetov U. - rayon ha’kiminin’, orınbasarı Awıl ha’m suw bo’limi baslıg’ı
5. Sadiqov J. - rayonlıq bas arxitektor
6. Jiemuratov S. - rayon ha’kimliginin’, ekonomika bo’limi baslıg’ı
7. Ilyasov B. - rayonlıq statistika bo’limi baslıg’ı
8. Dostanov M. - rayonlıq ma’mleketlik salıq inpektsiyası baslıg’ı
9. Reymova S. - rayonlıq MSEBO bas shıpakeri
10. Akmanov K. -rayonlık İİB o’rt qa’wipsizligi bo’limi baslıg’ı
11. Quandıqov A. -rayonlıq jer duziw ha’m ko’shpes mu’lk kadastrı xızmeti baslıg’ı
12. Axanova G. - rayon ha’kimligi janındag’ı isbilermenlik subektlerdi dizimge alıw inspektsiyası baslıg’ı
13. Erniyazov E. - rayonlıq fermerler ken’esi baslıg’ı
14. Yusupov P. - rayonlıq tabiyattı qorg’aw bo’limi baslıg’ı
15. Otambetov J. - Qaraqalpaqstan Respublikası Menshiklestiriw, monopoliyadan shıg’arıw ha’m ba’sekeni rawajlandırıw komiteti qa’niygesi
16. Otarov P. -«Berdax» APJ aqsaqalı
17. Qarlıbaeva G. - «DASTAN BAG’ QARAO’ZEK» JShJ baslıgı
18. Ishmuratov E. -«Uzdaverloyixa» institutı Qaraqalpaqstan bo’limi qa’niygesi

**Akt mazmunı to’mendegishe:**

Qarao’zek rayonı «Berdax» Awıl puxaralar jıyını (Qarshıg’alı massivi) aymag’ındag’ı rayonlıq rezerv jer maydanlarınan «DASTAN BAG’ QARAO’ZEK» juwapkershiligi sheklengen ja’miyetine bag’shılıqtı rawajlandırıw ushın jer uchastkasın ajıratıp beriw haqqında.

Jer uchastkasın ajıratıwg’a tiykar: «DASTAN BAG’ QARAO’ZEK» juwapkershiligi sheklengen ja’miyetinin’ 2013-jıl 15-maydag’ı 1-sanlı qatnas xatı ha’m O’zbekistan Respublikası «Jer kodeksi» nin’ 20,23,46,49 - statyalarına tiykarlanıp islendi.

Rayonlıq komissiya ag’zaları joqarıda ko’rsetilgen qatnas xat ha’m «Jer kodeksi» tiykarlana otırıp, Qarao’zek rayonı «Berdax» Awıl puxaralar jıyını (Qarshıg’alı massivi) aymag’ındag’ı rayonlıq. rezerv jer maydanlarınan «DASTAN BAG’ QARAO’ZEK juwapkershiligi sheklengen ja’miyetine halatı jaman jerlerdi o’zlestirip tazadan bag’ egiw ushın ja’mi 7,8 ga sonnan: 4,8 ga su’rim jerler sonnan 4,8 ga kep jıldan egilmey atırgan halatı jaman su’rim jerler, 0,5 ga jap salma ha’m izeykeshler, 0,3 ga jol ha’m sheller ha’m 2,2 ga awıl xojalıg’ında paydalanılmaytug’ın basqa jer maydanların 30 jıl mu’ddetke ijarag’a ajıratıp beriwdi uyg’ardı.

## 2.7. Komissiya juwmag`ı

## 2.8. Akti

Miywe-jemis o`nimleri o`ndirisirn ko`beyttiriw ushın bag`lar ha`m miywe jemisli o`nimlerdi jetistiretug`ın xojalıqlardı ko`plep ashıw, bag`lardın` o`nimdarlıg`ın asırıw, tereklerdin` sortları quramın sezilerli da`rejede jaqsı ta`repine o`zgertiw, ban` otırg`ızılatug`ın jerlerdi sog`a-saz aralas-suglinok, jer astı suwları onsha jaqın bolmag`an jerlerden durıs tan`law ha`m olar aymag`ın sho`lkemlestiriwdin` barlıq elementlerin tiykarlap jaylastırıw kerek. Demek, terekzarlar aymaqların sho`lkemlestiriwdin` maqseti miynet ha`m qarjılardın` optimal sarıpları menen maydan birliginen maksimal mug`dardag`ı miywe-jemis o`nimlerin alıwdı ta`miyinlewshi en` jaqsı sho`lkemlestiriw-aymaqlıq sharayat jaratıw bolıp esaplanadı.

## 2.9. Bag`lar aymaqların sho`lkemlestiriwdin` tiykarg`ı wazıypaları:

- Jerden na`tiyjeli paydalanıp, tereklerdi egiw ha`m olardı ta`rbiyalaw, aymaqtı jollar, suw qurılısları ha`m sonın` menen u`skenelew ushın sarıplanatug`ın kapital g`a`rejetlerden aqılg`a muwapıq ha`m na`tiyjeli paydalanıw sho`lkemlestiriw-aymaqlıq sharayatlar jaratıw;
- Topıraqlardı eroziyadan qorg`aw ha`m qorshag`an ortalıqtı qorg`aw;
- o`ndiris protsesslerdi mexanizatsiyalaw, awıl xojalıq texnikasınan ha`m miynet resurslarınan na`tiyjeli paydalanıw, terekler o`siwi ha`m rawajlanıwı ushın sharayatlardı jaqsılaw.



Bag`lar ha`m miywe-jemisliler aymaqların sho`lkemlestiriwdin` mazmunına to`mendegiler kiredi:

Tu`rli jer ha`m sortlardı tan`law ha`m jaylastırıw;

terekler qatarların, kvartalların, palmet bag`larında ha`m ju`zimzarlarda ketekchelerdı jaylastırıw;

o`ndiris bo`limlerinin` (brigaatızrının`) tu`rlerin, sanın, maydanların belgilew ha`m olardın` jer massivlerin jaylastırıw;

qosımsha (ja`rdemshi) xojalıq orayların (brigada sherteklerin), miywe

saqlag`ıchların, zavodlardı, miywe-rezavor shiyki zattı qayta islew boyınsha tsexlardı, ıs tsexların jumıslarg`a jaylasıw maydanshaların, za`ha`rli eritpelerdı tayarlaw orınların h.t.b. jaylastırıw;

qorg`awshı tog`ay polosaların jaylastırıw;

jol tarmag`ın jaylastırıw;

suw dereklerin ha`m suwg`arıw tarmag`ın (suwg`arıwda) jaylastırıw;

Aymaqtı sho`lkemlestiriwdin` sanap o`tilgen elementleri o`z-ara qattı baylanısqan ha`m kompleks tu`rde sheshiledi. Terekzarlar aymag`ın sho`lkemlestiriw joybarı sapali, 1:10000, 1:5000, 1:2000 masshtablardag`ı, relef qırqımları (gorizontallar arası) 0,5-1 m bolg`an reje-karta materiallarında islenedi.

## 2.10. Bag`lar aymaqların sho`lkemlestiriwdi joybarlaw

O`zbekstanda shaqaları ha`m formasi ha`r qıylı ta`biyiy bag`lar ko`p tarqalgan. Olardın` tiykarg`ı ustunligi – olardı qa`liplestiriwdin` jen`illigi ha`m a`piwayılıg`ı. İntensiv miyweshılıq arnawlı jaratılg`an, qaldan tiyisli forma berilgen (palmet bag`ları) bag`lardı o`siriw maqsetke muwapıq. Bunda barlıq shaqalar bir qa`lipte jaylasadı (formalanadı) (qatar bag`darı bir-birinin` u`stinde). Miywe terekleri na`lleri tez o`siwshi, yarim ka`rlik ha`m ka`rlik bolıwı mu`mkin.

Ka`rlik (pa`s boyli) na`lli tsitrus bag`larının` u`stunligi olardın` 2-4 jıllardayaq (a`dettegıden erte) miywege kiriwi ha`m joqarı o`nim beriwidir (1 ga 200-400 ts). Shaqalarının` yamasa forması topıraqlarg`a islew beriw protsesslerin maksimal mexanizatsiyalaw, to`ginlew, o`simliklerdi zıyankeslerden ha`m keselliklerden qorg`aw mu`mkinshilik beredi, tereklerdi qırqıw ha`m o`nimdi jıyındı an`satlastıradi. Biyik bolmag`an tereklerge iye (1,8-2,5 m den 3-4 m shekem) palmet bag`ında miywelardı jıyıwda miynet o`nimdarlıg`ı a`piwayı bag`lardag`ına salıstırma 2-3 ese asadı. Bunday bag`da maydan birliginde ko`p tereklerdi jaylastırıw mu`mkin, sebebi, qatarlar arasındag`ı masapa az. Palmet formasındag`ı pa`s boylı terekler samallardın` zıyanli ta`sirine kem uchraydi. Sol menen birge palmet bag`ların o`siriw qosımsha miynet sarıpı ha`m isshilerdin` jeterli da`rejede joqarı ta`jiriybesin talap etedi. Olar aymaqlardı sho`lkemlestiriwdin` o`zgesheliklerine qosımsha elementlerdi – shanaqlar ha`m shanaqlar arasındag`ı

jollardı jaylastırıw kiredi. A`piwayı bag`lardan kvartallar maydanları ha`m parıq etedi.

## 2.11.Miywe terekleri tu`rlerin ha`m sortların tan`law ha`m jaylastırıw.

Bag`lardın` tur-sort quramına to`mendegiler baylanıslı:

- miywege kirisiwnin` baslanıw mu`ddeti ha`m qa`liplesiw da`wirinin` uzınlıg`ı, o`nim shıg`ıwi, onın` o`ndiris maqseti wazıypaları;
- isshi ku`shi ha`m o`ndiris qurallarınjıl dawamında bir is penen band etiw;
- o`nimlerdi satıw mu`mkinshiligi;
- o`nimdi jıyındı, qayta islewdi, saqlawdı aqılg`a muwapıq sho`lkemlestiriw;
- ha`r qıylı sortlardı chag`ılstrıw ushın qolay sharayatlar;
- bag`darshılıqta kapital g`a`rejetlerdin` qaplanıwı.



ekonomikalasqan bag`shılıq xojalıqlarında tuxımlılar (alma, almurt, biye) bag`lar quramının` 70-85%, da`nelileri (erik, shabdal, shiye, qa`reli, h.t.b.) 10-20% ha`m rezavorlar (qulupnay, smorodina, malina) 5ten 15-25% iyelewi kerek. Bunda tuqım tu`rlerinin` 65-80% qisqı sortlardan, 15-25 guzgi has`m 5-10 % jazg`ı sortlardan ibarat bolıwı kerek.

Birinshi basqishda aymaqtı ol yamasa bul tu`rleri ushın rayonlastırıwdı a`melge asırıw kerek. Tiykar bolıp topıraq o`zgeshelikleri, relef ha`m gidrogeologiyalıq sharayatlar (qıya jer bag`darları ha`m nishabligi, izey suwları qa`ddi, topıraq qatlamları) ja`ne miyweli terekler ha`m eginlerdin` mo`lshellengen ha`m mu`mkin bolg`an o`nimdarlıqları xızmet etedi.

Ekinshi basqishda uchastkanin` miyweli tereklerdi egiw ushın, olardın` o`siw sharayatlarına bolg`an talapların esapqa alg`an halda, jaramlılıg`ın bahalaw o`tkeriledi.

Tu`rler ha`m sortlardı tan`lawg`a reref (qiyalıq bag`darı, ten`iz qa`ddanen absolyut biyikligi) ha`m klimat sıpatlaması (en` suwıq ha`m ıssı aylardın` ortacha

hawa temperaturası jıllıq ortacha o`zgeriwi, 0°S dan joqarı temperaturada da`wirdegi temperaturalar jıyındısı, hawa temperaturasın absolyut minimal ha`m maksimal, suwıqsız da`wirnin` uzınlıg`ı, qar menen qaplang`an ku`nlar sanı, jıllıq ortacha baylanıwı h.t.b.) ku`shli ta`sir ko`rsetedi. Basqa ta`repden, massivlerdin` ol yamasa bul tu`rler ha`m sortlar ushın jaramlılıg`ı haqqında miyweli tereklerdin` topıraqlar o`zgesheliklerine (fizikalıq, ximiyalıq h.t.b.), baylanıslı halda o`siwi ha`m rawajlanıwına, izey suwları chuqırlıg`ına qarap juwmaq qılıw mu`mkin. Topıraqlar boyınsha tu`rler ha`m sortlar jaylasıwın bahalaw ushın jer kadastrı (jerlerdi ekonomikalıq bahalaw ha`m topıraqlar bonitirovkası) mag`lıwmatlarınan paydalanıw kerek.



Tu`rler ha`m sortlardı jaylastırılıwın bahalawdın` a`hmiyetli ko`rsetkishleri kapital g`a`rejetlerge bolg`an talap ha`m olardın` qaplanıw mu`ddeti, ja`ne tereklerdin` o`siwi ha`m rawajlanıwına ta`sir etetug`ın ekologiyalıq sıpatlamalar sisteması esaplanadı. O`ndirists alma ha`m almurttın` barlıq sortları, ko`psilik sortları o`zlerı chan`lanbaytug`ın bolg`anlıqları sebepli, joqarı o`nim alıw ushın ha`r bir kvartalda 3-4 chan`lanatug`ın ha`m chan`landıratug`ın sortlardı 2-4 ha`m ko`birek qatarlarda gezek penen aralastırıp jaylastırıladı.

Bag`lardı chan`landrıwı ushın 1 ga miyweleytug`ın bag`qa ortacha 2 palha`rre semyası kerek boladı. Palha`rre uyaların (qutiların) arnawlı orınlarg`a jaylastırıwda ha`m olardı ol yamasa bul tur ha`m sort gu`llep atırg`an uchastkag`a ko`shiriwde 2 ga bag`qa 1 palha`rre semyasına iye boliw jeterli. Bunın` u`stine ol palha`rre uchıw radyosın qısqartıradı, olardın` gu`llep atırg`an tereklerge qonıw jumısların asıradı, chan`lanıw uzınlıg`ın ta`rtipke salıw mu`mkinshilik beredi.



Sortlardı tan`lawda olardın` rayonlastırılg`anlıg`ı, kesellikler ha`m zıyankeslerge, qısqı pa`s temperaturag`a, qurg`aqshılıqqa qarsı turaqlılıg`ı,

o`nimnin` tavarlıq ha`m mazası sapası (ol tasıwına qolay ha`m uzaq saqlawg`a jaramlı bolıwı kerek) esapqa alınıwı kerek.

## 2.12. Miywe tereklerin jaylastırıwdı rejelestiriw

Miyweli terekler qatarların jaylastırıw mınanday esap-kitap penen a`melge asırıladı, onda terekler za`ru`r aziqlanıw maydanına iye baylanısın ha`m sol waqıttın` o`zinde jaqtılanıw, awıl xojalıq texnikasınan na`tiyjeli paydalanıw, ekologiyalıq turaqlılıqtı saqlaw ushın jaqsı sha`rayat jaratılsın. Qatarlar ha`m qatardag`ı terekler arasındag`ı aralıq bag`tın` tipine, tu`rler ha`m sortlarg`a, topıraqlarına (aziqlanıw maydanı qumloq topıraqlarda az ha`m otlaq topıraqlarda ko`p), ıg`allıq da`rejesine, relefke (talaplarda u`lken, qıya jerde kishi) baylanıslı boladı; Tegislik uchastkalarda qatarlar olardı quyash jaqsı jarıtıwı ushın arqadan qublag`a qarap, zıyanlı samallardın` a`dewir ajıralıp turatug`ın bag`darlarında – olarg`a perpendikulyar etip jaylastırıladı.

Keskin relefte ha`m $3^0$ tan u`lken qıyalıq jerde, jer qa`ddinen ag`ımlardı azaytıw ha`m islew beriw sha`rayatların jaqsılaw ushın qatarlar qiyalıqlar u`lken ha`m quramalı releflerde konturlı (gorizontallar boylap) jaylastırıladı.

***Keste-2.12.1***

**Bag`lardag`ı terekler (putalar) arasındag`ı masapa, m**

| Tu`rler | Erkin shaqalar | | Qaptal shaqalar | |
|---|---|---|---|---|
| | qatarlar arası | qatarda terekler arası | qatarlar arası | qatarda terekler arası |
| alma: | | | | |
| ku`shli | 8 – 6 | 5 – 3 | 5,5 – 5 | 6 – 4 |
| o`setug`ın | 6 – 5 | 3 – 2,5 | 5 – 4,5 | 5 – 4 |
| yarim karlik | 4 – 3 | 2,5 – 1,5 | 4 – 3 | 2,5 – 1,5 |
| Almurt: | | | | |
| ku`shli | 7 – 6 | 4 – 2,5 | 4,5 – 4 | 3,5 – 3 |
| o`setug`ın | 3,5 - 3 | 2 – 1,25 | 3,5 – 3 | 2,5 – 1,5 |
| karlik | 6 – 5 | 4 – 3 | 3,5 – 3 | 4,5 – 4 |
| Olxu`ri | 6 – 4 | 4 – 2,5 | - | - |
| Shiye | 2,5 | 1,25 | - | - |
| Smorodina | 2,0 | 1,0 | - | - |
| Malina | 0,9 | 0,2 | - | - |
| Qulpunay | | | | |

Qıyalılıq $8^0$ joqarı bolg`an qıya jerlerde terrassalaw jumısları alip barıladı. Ayırım tu`rler massivlerinde kvartallar joybarlanadı, olardın` uzın ta`repleri terekler qatarları bolıp jaylastırıladı. Bul – bag`lardag`ı tiykarg`ı o`ndiris birligi bolıp esaplanadı. A`dette, kvartal degende jollar ha`m qorg`awshı tog`ay polosaları menen shegaralang`an miyweli terekler bir tu`rinin` bir neshe o`z-ara chan`lanıwchı sortları menen ba`nt uchastkası tu`siniledi.

Kvartallar ila`ji barınsha durıs mu`yeshli etip joybarlanadı. Bunda bag` maydanı, ol yamasa bul tu`rler maydanları, relef, mexanizatsiya jumısların orınlaw ha`m ju`klerdi tasıw qolaylıg`ı, tereklerdi zıyanli samallardan qorg`aw, jollar ha`m tog`ay polosalarına ajıratılatug`ın jer maydanların tejew za`ru`rligi esapqa alınadı.

Awıl xojalıq texnikasınan joqarı o`nim menen paydalanıw ushın maydanı 100 gektardan u`lken bolg`an, tegislikte jaylasqan bag`larda kvartallar 15-30 ga shekem, 100 gekterdan maydanı az bag`larda – 10-22 ga maydang`a iye bolıwı kerek. Bag`lar qıya jerde jaylasqanda kvartallar maydanı 5-15 ga a`tirapında sho`lkemlestiriwi mu`mkin. Ku`shli samal ta`siridag`ı bag`larda kvartallar maydanı kichiraytiriledi (3-6 ga cha).



Tegislik sharayatlarında kvartallar uzınlıg`ı 400-500 m den 800-1000 m shekem, ken`ligi 300-500 m den 700 m shekem; qıyalılıg`ı 7-$15^0$ bolg`an qıya jerde say tu`rde 300-400 m ha`m 150-200 m; nishabligi $15^0$ joqarı bolg`an qıya jerde 250-300 ha`m 100 m a`tirapında etip joybarlanadı.

Kvartallar maydanları terassalarında 6-8 ga quraydı. Palmet bag`larında kvartallar durıs mu`yeshli, 400-700 m uzınliqda ha`m 200-400 m ken`likte etip joybarlanadı.

Tsitrus bag`ları kvartallarında qosımsha etip delyankalar joybarlanadı; olardın` uzın ta`repleri terekler qatarlarına kese etip jaylastırıladı. Delyankalar ken`ligi 150 yamasa 200 m quraydı, uzınlıg`ı bolsa kvartal ken`ligine ten`. Delyankanın` maydanı 5 gektarg`a shekem bolıwı mu`mkin.

## 2.13. Bag`lardı massivlerde jaylastırıw.

Ekonomikalasqan bag`shılıq sho`lkemine, a`dette, jaqın, ıqsham jaylasqan, ha`r qıylı tu`rler ha`m sortlardag`ı ha`m pisiw mu`ddetleri ha`r qıylı tereklerge iye kvartallar biriktiriledi, bul isshilerdin` ma`wsim dawamında is penen tegisroq band bolıwın ta`miyinleydi. Bag`lar maydanı boyınsha atız o`lshemleri tereklerinin` tur-sort quramına, shaqaları formasına, xojalıq jaylasqan regiong`a h.t.b. baylanıslı boladı.

Jaz da`wirinde bir adam 1,5-2 ga bag`qa islew beriwi mu`mkin. brigadag`a a`dette, 25-30 dan 50 ge shekem udayı isshiler kiritiledi; usıg`an say tu`rde brigada uchastkasının` maydanı 80-100 den 150 ge shekem bag`dan (sonın` ishinde, 50-100 ge miywe beretug`ın) ibarat boladı.

Qıya jerde eroziyag`a qarsı ila`jlardı a`melge asırıw maqsetinde brigadaga onın` joqarı bo`liminen pa`ge shekem bir neshe kvartallardı biriktiriw maqsetke muwapıq.

Bag`lar ja`ma`a`ti u`ylerin, a`sbap-u`skeneler saqlanatug`ın ha`m ıdısqa jaylasıw maydanshaları, bastırmaları, qarawıllar ushın imaratlar h.t.b. jaylastırıw ushın ja`rdemshi xojalıq orayları (bag`shılıq atızı shertekleri) joybarlanadı. Olar brigada massivi orayida, kvartallar aralıq jollar kesilisken jayda, suw derekleri yamasa olar joybarlang`an orınlar janında jaylastırıladı. Kapital g`a`rejetlerdı qısqartırıw ushın eki qon`sı brigadag`a bir g`ana ulıwma xojalıq orayi joybarlanıwı mu`mkin.

Xojalıq orayi to`menine jaylastırılatug`ın imaratlar sanına ha`m xızmet ko`rsetiletug`ın terekzarlar maydanına baylanıslı halda 0,3-0,5 ga jer ajıratıladı (eki brigada ushın oray 1 ga shekem maydang`a iye bolıwı mu`mkin). Satıw bazarlarına jaqın jaylasqan ha`m o`nimlerin jan`a uzilgen halda satatug`ın xojalıqlarda, qayta islew ushın tek standartlanbag`an o`nimler paydalanılıwı mu`mkin. Bul jerde qısqı ha`m kech guzde pisetug`ın sortlar miywelerı jalpi ko`lemnin` 60-70% sıyımlıqqa iye qayta islewshi tsexlardı ha`m miywe skladxanaların qurıw maqsetinde muwapıq boladı. Qayta islewshi tsexlarda ha`r qıylı natural soklar. İshimlikler, kompotlar h.t.basqa ishimlikler tayarlanıwı mu`mkin.

Bag`lardın` satiw bazarınan uzaqdag`ı u`lken maydanlarında xojalıqlarda qayta islewshi mini zavodlardı qurıw kerek. Miywe skladxanalarına uqsatıp, olardı ha`m

xojalıq oraylarında, bir jayda jaylastırıw kerek. Bul miywelardı saqlawdın` ekonomikalıq na`tiyjeliligin sezilerli asıradı, jer maydanı sarpın azayttıradı, elektr energiyasınan, suw ha`m basqa resurslardan paydalanıwdı jaqsılaydı. Joqarı sapali o`nim alıw ushın tayar islew beriwden o`tkiziliwi kerek. Miywelerge islew beriw orınlarının` ku`shi jılına miyweshılık xojalıqlarında 3,0-3,5 mın` t, rezavorshılıq xojalıqlarında bolsa 1,5-2,5 mın` t sho`lkemlestiriw mu`mkin. Olardı ja`rdemshi xojalıq orayları (dala shertekleri) aymag`ında jaylastırıw kerek.

Shiyki zatlardı waqtında islew beriwne ha`m joqarı sapali o`nim alıwdı ta`miyinlew ushın qayta islewshi ka`rxanalar quwatlılıg`ı jetistiririletug`ın awıl xojalıq shiyki zati ko`lemine say bolıwı kerek.

**Qorg`awshı tog`ay polosaların jaylastırıw**. Tereklerdi samaldan qorg`aw ha`m topıraqlar eroziyasının` aldın alıw ushın bag`lardın` sırtqı shegaraları boylap 2-4 qatarlı ken`ligi 6-9 metrden 12 metrge deyin bolg`an chettegi tog`ay polosaları joybarlanadı. Kvartallar boylap, ayırım jag`daylarda kvartallar arqalı (kvartallar maydanlarına ha`m ta`biyiy sharayatlarına baylanıslı halda), 1-2 qatarlı biyik o`setug`ın tereklerden ibarat ken`ligi 3-6 m bolg`an kvartallar aralıq tog`ay polosaları jaylastırıladı.



Tog`ay polosaları rejeli ha`m kelbetli du`ziliske iye bolıwı kerek. Polosalar ha`m miywe tereklerdin` jaqın qatari arasındag`ı masapa, saya tu`siwine jol qoymaslıq ha`m basqa islew beriwde mashinalar aylanıwı ushın jay qaldırıw maqsetinde, 10-14 m den az bolmawı kerek. Tiykarg`ı ha`m ja`rdemshi polosalardın` kesilgen mu`yeshlerinde kvartaldan kvartalg`a o`tiw ushın ken`ligi 6-8 m ashıq orınlar qaldırıladı.

Qıyalılig`ı $7^0$ joqarı bolg`an qıya jerde jaylasqan kvartallarda putalardan ken`ligi 2-3 m bolg`an qorg`awshı polosaları joybarlanadı. Olar qiyalıqqa kesesine, terekler qatarları boylap, bir-birinen 50-100 m aralıqta jaylastırıladı.

Qorg`awshı tog`ay polosalarında terekler tu`rleri suwıqqa chıdamli, tez o`setug`ın, uzaq jasaytug`ın, zıyankeslerdi ha`m keselliklerdi miyweli tereklerge tarqatpaytug`ın bolıwı kerek. A`dette, bul maqsetler ushın qubla regionlarda

qayrag`ash, jang`aq, mayda japıraqlı jasıl shum tal, berest tereklerinen paydalanıladı. Emen, qayin`, akatsiya, zirk tereklerinen paydalanıw usınıs etilmeydi, sebebi olardın` miyweli terekler menen ulıwma zıyankeslerdi ha`m kesellikleri bar.

**Jollar tarmag`ın jaylastırıw**. Bag`larda jollar tarmag`ı o`nimdi alıp ketisti, transport, awıl xojalıq mashinaları ha`m qurallardın` kvartalnin` barlıq bo`limlerine keliwini ta`miyinlewi, texnikalıq xızmet ko`rsetiwge qolay bolıwı kerek.

Bag`larda o`z wazıypalarına qarap magistral (tiykarg`ı), kvartallar aralıq ha`m delyankalar aralıq jallarg`a bo`linedi. Magistral jollar bag` massivlerin xalıq jasaw, o`nimilardı qayta islew orınları, ulıwma paydalanıwdag`ı jollar, temir jolı stansiyaları menen bag`lardı.

Magistral jollardın` ken`ligi 5-6 m, ha`r ta`reptegi sheti 1-2 m quraydı. Olar bag`lardı qorg`awshılardı chetki tog`ay polosalarının` ishki ta`repinen jaylastırıladı.

Kvartallar aralıq (uzınlıg`ına ha`m enine) jollar ju`riw bo`limi ken`ligi 4-5 m, chetleri ha`r ta`repden 1-2 m etip joybarlanadı ha`m kvartallar aralıq tog`ay polosalarının` ha`r eki ta`repinen jaylastırıladı. Delyankalar aralıq jollar 3 m ken`likke iye boladı; olar delyankalar katakchalar shegaraları boylap terekler qatarlarına kese etip, bir-birinen 150 yamasa 200 m aralıqta jaylastırıladı. Bag`lardan bag`larg`a tasılatug`ın u`lken ko`lemdegi ju`kler magistral ha`m kvartallar aralıq jollardı qattı qaplama menen joybarlaw za`ru`rligi keltirip shıg`aradı.

**Suw dereklerin jaylastırıw**. Bag`larda suw derekleri bolmag`anda yamasa jetispegende suw qurılısları: ko`ller, quduqlar, ha`wizler h.t.b. joybarlanadı. Qurılıslar sanı ha`m o`lshemleri bag`tı suwg`arıw, da`rilew, awıl xojalıq mashinalarına quyıw, ishiw ha`m basqa za`ru`rlikler ushın suwg`a bolg`an talapdan kelip shıg`ıp anıqlanadı. Suw qurılısları ila`ji barınsha bag`nın` brigada massivi orayida jaylastırıladı.

**Bag`larda agrotexnikalıq ha`m almasıw jumıslardı engiziw**. Ko`p jıllıq tereklerdi o`z waqtında almastırıw, jıllar boylap o`nimnin` bir qıylı shıg`ıwın ta`miyinlew, ayırım uchastkalarg`a dem beriw, topıraqlarda jıynalıp qalg`an belgili eginge tiyisli zıyankesler ha`m kesellikler tasıwshıların jog`altıw ushın joqarı intensivli bag`larda bag` almasıw jumısları na`zerde tutıladı. Usı maqsetke shama menen tuxımlı ha`m da`neli terekler iyelegen maydannin` 20-25% ko`leminde

qosımsha aymaq ajıratıladı. Bul belgili da`rejede jas ha`m miywege kirgen terekler arasındag`ı udayı qarag`anda saqlab turıw, ha`r jılı miyweli eginlerden turaqlıraq o`nim alıw, topıraqlardın` ta`biyiy o`nimdarlıqlarınan na`tiyjelirek paydalanıw, egiw materialları jetistirip beriwi na`lxanalardı ba`nt etiw mu`mkinshiligin beredi.



**Bar bag`lardı qayta tiklew**. Terekzarlardı tiklew tolıq ha`m jartılay tiklewlerge bo`linedi. Tolıq tiklew eski, o`nimdarlıg`ı pa`s bag`larda a`melge asırıladı. Bunda terekler suwg`arıp alınadı, tog`ay polosaları, terekler qatarları chuqur aydaladı, keyin bolsa uchastka aymag`ın du`ziw joybarı islenedi. Eski bag`lardı tolıq tiklew, xojalıqta miywe jetistiriw azayıwin jol qoymaslıq ushın basqıshma-basqısh o`tkeriledi.



**Yarım** tiklew tereklerdin` bar jaylasıwındag`ı kemshiliklerdi du`zetiwden ibarat ha`m o`z ishine na`llerdin` qalın`lıg`ın yamasa siyrekligin, samallar ta`sirine ushırag`an tereklerdi suwırıp taslawdı ha`m jas terekler na`llerın egiwdi aladı.

### 2. 14. Ju`zimzarlar aymag`ın sho`lkemlestiriw

Ju`zimzarlar aymag`ın sho`lkemlestiriwde sortlardı tan`law ha’m jaylastırıw, qatarlardı, kvartallardı, ketekshelerdi jaylastırıw; brigada uchastkaları ha’m brigada sherteklerin jaylastırıw; qayta islewshi ka`rxanalardı (zavodlar, tsexlar) jaylastırıw; qorg`awshı tog`ay polosaların, jol tarmag`ın, suwg`arıw tarmag`ın (suwg`arıwda), miywesiz ag’ash alınatug`ın terekler uchastkaların jaylastırıw ma`selelerin sheshiledi.

Ju`zimzarlarda ha`r qıylı sortlı, o`nimlerinen paydalanıw ha`rakteri (ta’biyiy, vinoshılıq, qurg`atıw h.t.b. ushın texnikalıq sortlar), pisiw ha’m jıynap alıw mu`ddetleri (ju`da` erte, erte, orta erte, orta kech, kech), o`nimdarlıg`ı (az o`nimli

ha’m joqarı o`nimli) menen ajratılıp turatug`ın na`ller egiledi. Ju`zimzarlarg`a ajıratılatug`ın aymaqlar, a`dette, topıraqları, mikroklimatı, gidrogeologiyalıq ha`m basqa sıpatlamaları boyınsha bir qıylı bolmag`anları ushın, tiykarg`ı sortlarg`a ekologiyalıq sharayatları boyınsha jaqsı uchastkalar ajıratıladı. A`sirese, qolay bag`dardag`ı qıya jerdi ha’m ten`iz qa`ddinen biyikliklerdi tan`law jolı penen sortnin` ıssılıq ha’m topıraq sharayatlarına bolg`an talapların esapqa alıw u`lken a`hmiyetke iye.



Konyak vinosı materialların alıw ushın paydalanılatug`ın ju`zim sortları qıya jerinin` arqa, arqa-shıg’ıs, shıg’ıs ha’m arqa-batıs jumıslarındag`ı, absolyut biyikligi ten`iz qa`ddinen 200 m biyik bolg`an, aktiv temperaturaları jıyındısı 2600-2800$^{o}$ S ten` bolg`an jaqsı ıg’allanatug’ın, jumsaq, ıssı, o`nimdar topıraqlarda jaylastırıladı.

Shampan vinosı materialların jetistiriw ushın isletilatug`ın sortlar ten`iz qa`ddinen absolyut biyikligi 150-200 m bolg`an qıya jerdin` arqa, qubla-shıg’ıs, batıs, qubla-batıs bag`darlarında, ıg’allang’an, salıstırma ıssı topıraqlarda jaylastırıladı. Aktiv temperaturalar jıyındısı 2900-3100$^{o}$ S bolıwı kerek.

Qızıl ta’biyiy vino alıw ushın isletilatug`ın sortlar mineral azıqlanıwdın’, o`nimdar ıg’allıq ha’m ıssılıqtın` joqarı da`rejesin ta`minleytug`ın ekologiyalıq sharayatlardı talap etedi. Olar ushın  jaqsı topıraq - tipik qara topıraqlar, jaqsı qıya jer - absolyut biyikligi 100-250 m bolg`an qubla, qubla-batıs, batıs ha’m qubla-shıg’ıs bag`darlar esaplanadı. Aktiv temperaturalar jıyındısı 3000-3400$^{o}$ S bolıwı kerek.



Ju`zimlerdin` ta’biyiy sortları o`siw sharayatlarına, ıg’allıq penen ta`miyinleniwge ha’m jaqtılıqqa en` joqarı talaplardı qoyadı. Olardı jaylastırıw ushın juwılmag’an, ku`shsiz yamasa orta juwılg’an, jen`il ha’m orta mexanikalıq quramg’a iye topıraqlar paydalanılıwı mu`mkin. Olar qıyalıg’ı 12$^{o}$ u`lken bolmag`an, ten`iz qa`ddinen 200 m biyik bolmag`an qıya jerde jaylastırıladı.

Ju`zim - ko`p miynet talap etetug`ın egin (ma`selen, o`nimdarlıq 1 ga 75-100 ts bolg`anda 1 ga jerdin` o`nimini jıynap alıw ushın 25-36 adam-ka’ni talap etiledi). Sonlıqtan mashinalar ja`rdeminde jıynawg’a say keletug`ın sortlardı tan`law u`lken a`hmiyetke iye. Olarda ju`zim basları biyikliklerinin’ juwıw bo`limi uzınlıg`ı 40 mm den az bolmaslıg’ı, o`nim bolsa bir waqıtta pisiwi kerek. Bunday jag`dayda aralas sortlar egilmeydi.

Ju`zimnin` ko’p sortları o`z-o`zinnen shan’lanadı: Eger qosımsha shan’landırıw za`ru`r bolsa, o`zi shan’lanbaytug`ın sortlar ha’m shan’lanıwshı sortlar qatarların aralastırıp jaylastırıw na`zerde tutıladı.

Aymaqtın` uchastkalarında ha’m zıyanlı samallar joq bolg`anda qatarlar arqa-qubla bag`darında jaylastırıladı, bul ju`zimzardın` quyash penen en` jaqsı jarıtılıwın ta`miyinleydi. Keskin zıyanlı samallarda, qatarlar samaldin` turıp qalıwı ha’m miywelardın`, japıraqlarının’ shiriwi bolmaslıg’ı ushın samallap turatug`ın etip, yag`nıy samal bag`darı boylap jaylastırıladı.

Qıyalıg’ı $3^0$-$6^0$ bolg`an qıya jerde kun atızdın’, relefinin` keskinligi u`lken bolg`anda bolsa tiykarg`ı (bazalıq) gorizontal boylap jaylastırıladı, bul topıraqlardın` juwılıwına tosqınlıq etedi ha’m mexanizatsiyalastırılg’an islew beriwde agregatlar o`tiwdin` turaqlılıg`ın ta`miyinleydi.

Suwg`arıwda qatarlar jaylasıwı suwg`arıw tarmag`ınn` ha’m usv jerlerinin’ jaylasıwı menen sa`ykeslestiriledi.

Ju`zimzarlardın` egiwdin’ en` ko`p tarqalgan sxemaları (qatar oraları ken`ligi x terekler arasındag`ı aralıq): 2,5x1; 2,5x1,25; 2,7x1,5; 2,5x1,75; 2,5x2,0; 2,5x2,0; 2,5x2,5 m esaplanadı. Qatarlar bir-birine qattı parallel jaylastırılıwı kerek.

Ju`zimzarlar massivleri jollar ha’m qorg`awshı tog`ay polosaları menen shegaralang`an kvartallarg`a bo`linedi, olar bolsa o`z gezeginde keteklerge bo`linedi. Kvartallar formaları ila`jı barınsha durıs mu`yeshli bolıwı kerek. Olardın` uzın ta`repleri terekler qatarı boylap jaylastırıladı.

Qıya jerde kvartallar ken`ligi qıyalıqtın`, uzınlıg`ı ha’m topıraq qatlamınan kelip shıg`ıp mınanday belgilenedi, bunda jer u`stinen ag’atug’ın suwlar ag’ımı tezligi topıraqlar eroziyası protsessi Baslanatug`ın kritik tezlikten aspawı kerek. Qıya jerge baylanıslı halda kvartallardın` to’mendegi ken`likleri: 3-$6^0$ – 250–300 m;

6-8$^0$ – 230 m; 8-10$^0$ – 120 – 180 m; 10-12$^0$ – 150 m usınıs etiledi. Ayırım sharayatlarında kvartallar ken`ligi (olardı zıyanlı samallardan tog`ay polosaları menen jaqsı qorg`aw ushın) 400-500 m bolıwı kerek.

Kvartallar uzınlıg`ı traktor agregatlarının` islew beriw bag`darı uzınlıg`ın belgileydi ha'm usı menen olardın` o`nimdarlıg`ına sezilerli ta`sir ko`rsetedi. En` jaqsı uzınlıq 1000 metrge deyin esaplanadı.

Ju`zimzarlarda kvartallar maydanı 10-25 dan 30 gektarg'a shekem joybarlanadı. Orınlardın` quramalı sharayatlarına iye uchastkalarında (qıya jer bag`darlarının` keskin o`zgeriwi, tiri tosqınlıqlar menen shegaralanıwı h.t.b.) kvartallar maydanları 3-4 gektarg'a qısqartırılıwı mu`mkin. Ha`r bir kvartalg'a ila`ji barınsha bir qıylı topıraqlar ha'm birge jaqın bag`darlardag`ı qıya jer, ja`ne tereklerdin' bir sortı kiritiledi. Ju`zimzarlarda birlemshi aymaqlıq birlik jollar arasında jaylastırılg'an u'zliksiz ju`zim na'lleri – keteksheler esaplanadı.

Ju`zim miywelerin ha'm qırqılg'an shaqalardı qatarlardan jollarg`a alıp shıg`ıwda miynet sarpın qısqartıw ushın ha`r bir kvartalg'a keteksheler aralıq jollar ju`zim qatarlarına kese etip, bir-birinen 100 yamasa 200 m aralıqta joybarlanadı. Usıg`an say tu`rde keteklerdin` qatarlar boylap ken`ligi 100 yamasa 200 m, onın` uzınlıg`ı bolsa kvartal ken`ligine ten` boladı (qıyalıqqa baylanıslı halda 100 den 500 metrge deyin). Ketekshe maydanı 5 gektarg'a shekem boladı. Ju`zim teretug'ın kombaynlardan ha'm shaqa qırqatug`ın a`sbaplardan paydalanılg'anda keteksheler aralıq jollardı ha'm ketekshelerdi joybarlaw za`ru`rligi bolmaydı, ju`zimzarlar maydanı ko`beyedi.



Ju`zimgershilik na`tiyjeliligi atızı maydanları shaqaların qırqıw ha`m na`llerdi ta`rbiyalaw ushın za`ru`r miynet sarıpı boyınsha anıqlanadı, sebebi, bul jumıslar joqarı qa'niygeli udayı qa`niygeler ta`repinen orınlanadı. Ju`zimzarlardın` maydanları u`lken xojalıqlarda qa'niygelesken brigada, a`dette, 80-100 isshiden ibarat boladı; og`an (klimatlı ha`m basqa sharayatlarg`a baylanıslı halda) 80-240 ga ju`zimzar biriktiriledi. Brigadada is penen biyiklik bir yamasa bolıwı ushın og`an ha`r qıylı mu`ddetlerde pisetug'ın bir

neshe sortlar jaylastırılg'an qon`sı kvartallar ajıratıladı. Usı tu`rde brigada uchastkaların jaylastırıw sortlardı jaylastırıw menen baylanıstırıladı. Bunda brigada atızlarg`a biriktirilgen ju`zimzarlar pu`tin massivdi sho`lkemlestiriwi, jerlerdi bolsa topıraq ha'm relef sharayatları boyınsha bir qıylı bolıwına ha`reket qılıw kerek.

Ju`zimshilik brigadası 10-15 adamnan ibarat zvenolarg`a yamasa semyalıq podryadshılarg`a bo`linedi. Zvenolarg`a ulıwma maydanı 15-20 ga bolg`an kvartallar ha'm keteksheler, semyalıq podryadshılarg`a 2-5 ga maydang`a iye maydanshalar biriktiriledi. Ha`r bir brigada aymag`ında 0,3-0,5 ga maydang`a iye brigada shertekleri jaylastırıladı. Zıyanlı ximiyalıq birikpelerdi quyash ha'm saqlaw brigada sherteklerinen, suw menen jaqsı ta`miyinlengen orınlarda joybarlanadı.



Ju`zimzarlar aymaqların sho`lkemlestiriwde qayta islewshi ka`rxanalardı (zavodlar, tsexlar) ha'm ju`zim skladların jaylastırıw na`zerde tutıladı. Olar bir jayda xojalıq orayının` o`ndiris regionında jaylastırıladı.

Tog`ay polosaları ju`zimzarlar a`tirapında, maydanı u`lken bolg`anda bolsa kvartallar shegaraları boylap jaylastırıladı. Olar 2-3 qatarlıi (ken`ligi – 8-10 m) etip, samal o'tkiziletug'ın du'ziliste joybarlanadı. ju`zimzarlarg`a saya tu'speslik ushın tog`ay polosalarının` ha`r eki ta`repinen 8-10 m ken`likte bos jer qaldırıladı, olardan jollardı jaylastırıw ha'm traktor agregatları aylana jumısları ushın paydalanıladı.

Qubla rayonlarda qorg`awshı polosaları ushın terakten, ja`ne qosımsha o`nim beretug`ın miyweli terekler – alsha, badam, g'ozalardan ken` paydalanıladı.

Topıraqlardın` eroziyasına qarsı gu`resiw ushın u`lken qıya jerge (7-8$^0$ u`lken) kese etip ha`r 50-100 m ga putalardan qorg`awshı polosaları joybarlanadı.

Magistral (tiykarg`ı) jollar sırtqı qorg`awshı polosalarının` ishki ta`repinen, kvartallar aralıq jollar – kvartallar shegaraları boylap jaylastırıladı. Olar traktor agregatlarının` aylana jumısları ha`m olarg`a xızmet ko`rsetiw, ju'klerdi tasıw ushın mo`ljellengen. Bunday jollardın` ken`ligi 8-10 m (ju`riw bo`liminin` eki ta`repindegi 1-2 m chetlerinde qosqanda) quraydı. Keteksheler aralıq jollar keteksheler shegaralar

boylap 3-5 m ken`likte joybarlanadı.

Ag’ash alınatug`ın ha’m tal terekleri ju`zimzarlardı tirgekler, sort atızlardı baylaw ha’m savatlar toqıw ushın materiallar menen ta`miyinlew ushın egiledi.

Ag’ash alınatug`ın ha’m tal terekleri ju`zimzarlar ushın jaramsız jerlerde, eroziyag`a ushırag`an, shayılg’an ha’m qayta shayılg’an topıraqlı (qıyalıg’ı u`lken qıya jer, jıralıqlar, saylar h.t.b. jerleri) jerlerde jaylastırıladı. Olar ju`zimzarlar ushın o`zlestirilatug`ın jerlerdin` 10-15% maydnın iyelewi mu`mkin.

Tal terekleri ju`zimzarlar ushın jaramsız pa`s saz orınlardı (a`dette, bul saylardı ensiz astıları) iyeleydi. Joybarlanıp atırg`an ju`zimzarlar 2% ke shekem bolg`an maydanın sho`lkemlestiriwi mu`mkin.

Ju`zimzarlar aymag`ın sho`lkemlestiriw mısalı 25-su`wrette ko`rsetilgen.

## 2.15. Miywe – jemisliler ha’m qulpınay almaslap egiwleri aymag`ın sho`lkemlestiriw

Miywe - jemisliler aymag`ın sho`lkemlestiriw o`z ishine tu`rler, sortlar. Kvartallardı; qulpınay ushın almaslap egiw massivleri ha’m almaslap egiw atızların; tog`ay polosaları, jollar, suw derekleri, suwg`arıw tarmag`ın jaylastırılıwın; rezavor almashlardı engiziwdi aladı.

Tu`ri jer ha`m sortlardı jaylastırıw ma`selesi rezavor ushın jer uchastkasın tan`law menen bir waqıtta sheshiledi. Bunda tu`rlerdin` biologiyalıq o`zgesheliklerinen, olardın` topıraqlarg`a, ıg’allıqqa bolg`an talaınan, suwıq urıwdan qorg`awshı ko`pshilikten, zıyankeslerden ha’m keselliklerge shıdamlılıg’ın kelip shıg`ıladı. Ma`selen, qara smorodina ushın shıdamlı – orta ha’m ku`shsiz kulren`, tog`ay topıraqlı yassi qıya jer ($3^0$ ke shekem) ko`birek durıs keledi. Qubla regionlarda olar aeqa bag`dardag`ı qıya jerde jaylastırıladı.



Miywe - jemisli aRezavor eginlerdi egiw taza sortlı, salamat ha’m sapalı 1 reproduktsiyalı na`l materialları penen a`melge asırıladı. O`zinden shan’lanbaytug`ın

sortlar ushın basqalarınan shan’landırıwdı ta`miyinlew kerek.

Tegis uchastkalarda miywe - jemisliler putaları qatarları arqadan qublag’a, qıya jerde – qiyalıqqa kese etip jaylastırıladı. Qatarlar o`ndiris protsesslerin mexanizatsiyalawdı jen`illestiriw ushın bir-birine parallel etip jaylastırıladı. Qatarlar arasındag`ı aralıq 2.5-3 m, qatardag`ı o`simlikler arasındag`ı aralıq smorodina ushın – 0,6-0,7, qara smorodina ushın – 0,3-0,4 m quraydı. Qulpunay 0,8-0,9 x 0,15-0,20 m ta`rtibida jaylastırıladı.

Kvartallar maydanı olar uzınlıg`ı 200–300 m ha’m ken`ligi 150–200 m bolg`anda 4-7 ga quraydı. Eroziyag`a jol qoymaslıq ushın olardın` uzın ta`repleri o`simlikler qatarları boylap, qıyalıqqa kese etip jaylastırıladı, ha`r bir kvartaldı bir sort penen biyikletiw kerek.

Rezavor putalarının` qon`sı kvartalları rezavorshılıq brigat atızlarına biriktiriledi, olardın` maydanları 30-40 ga quraydı. İs penen biyikligi tegisirek bolıwı ushın olarda ha`r qıylı mu`ddetlerde pisetug’ın eginler bolıwı kerek. Qatarlardan o`nimdi alıp shıg`ıwdı jen`illestiriw ushın jemiszarlarda ken`ligi 3-4 m, ha`r 50-100 m o`tkeriletug`ın jollar tarmag`ı joybarlanadı. Magistral jollar 6-8 m, kvartallar aralıq jollar – 5-6 m ken`likke iye boladı. Kvartallar aralıq jollar tog`ay polosalarının` ha`r eki ta`repinen jaylastırıladı.

Jemiszarlar a`tirapında samal o’tkeretug’ın du’zuliske iye 2 qatar biyik o’setug’ın tereklik jerden ibarat qorg`awshı tog`ay polosaları egiledi. jemiszarlardın` maydanı u`lken bolsa kvartallar arasında bir qatarlı, terekleri qarama-qarsı almasılg’an kvartallar qatarları boylap jaylasqan tog`ay polosaları jaratıladı, bul bir neshe kvartallarg`a bir waqıtta islew beriw mu`mkinshilikligin beredi. Bag`tı qorg`awshı terekler rezavorlar qatarlarınan uzın ta`rep boyınsha 6-8 m, kelte ta`rep boyınsha traktor agregatları aylanıstı ta`miyinlew ushın 8-10 m aralıqta jaylasqan bolıwı kerek.

Kvartallar aralıq qorg`awshı tog`ay polosalarının` mu`yeshlerinde ken`ligi 8-10 m, agregatlar ha’m transport quralları o`tiwi ushın ashıq orınlar qaldırıladı.

Miywe-jemis eginlerin jetistiriwdin` sanaat texnologiyalarının` sırtqı ha’m ekonomikalıq mu`mkinshiliklerinen tolıqraq paydalanıw ushın say xojalıqlarda rezavor almasıw jumıslar payda etiledi. Ma`selen, qara smorodina ushın 10 atızlı,

eginler almasılıwı to`mendegishe bolg`an rezavor almasıw na`zerde tutıladı: 1 – bos shu'dgor (par)+smorodina jan`a egilgen; 2 – jas smorodina; 3 – miywege kiretug`ın smorodina; 4-8 – miyweleytug`ın smorodina; 9 – miyweleytug`ın smorodina+qırqıp taslaw; 10 – sideral eginler (gu'zgi ma'wsim, arpa). Qulpunaylı almaslap egiwler, a`dette, 6-8 atızlı 2 – 3 jıl o`nim beretug`ın, rezavoral-jumıslar 10-12 atızlı, 6-8 jıl o`nim beretug`ın boladı.



Qulpunaylı almaslap egiwlerdin` shamalap du`zilisi to`mendegidey boladı:

I. 1–gu'zgi eginler; 2–sideral eginler; 3–qulpınay (jan`a egilgen); 4-6– qulpınay.

II. 1–ko`p jıllıq otlar menen qosıp egilgen gu'zgi eginler; 2-3–ko`p jıllıq otlar; 4–sideral eginler; 5–qulpınay (jan`a eginler); 6-8– qulpınay.

III. 1 - kuzgi eginler; 2 - taza shu'digar (par); 3 - qulpınay (jan`a egilgen); 4-6 – qulpınay.

Miywelerdi satıwda tayarlaw boyınsha jumıslardı orınlaw ushın imaratlar kompleksine ha'm avtorefrijeratorlar ushın aylanıw mayday onshelli iye brigada shertekleri qurıladı; ol brigada massivi tiykarg`ı jollar janında jaylastırıladı.

## 5. Miywe ha'm ju`zim na`lxanaları aymaqların sho`lkemlestiriwdin` o`zine ta`n o`zgeshelikleri

Na`ller na`lxanalarda jetistiriledi, olar ha`m a`piwayı xojalıqlarda kishi maydanlarda, ha`m iri qa'niygelesken miywe na`llerin jetistiriwshi ka`rxanalarda sho`lkemlestiriledi. Keyingi na`llerdi jetistiriw sanaat tiykarında, arnawlı u`skenelengen ustaxanalarda qısqı saqlawdı qollaw menen alıp barıladı. U`lgi na`l tayarlaw ko`lemi jılına 1 mln na`l bolg`an na`l jetkerip beriwshi sanaat kompleksi to`mendegi bo`limlerden ibarat boladı:

- vegetatsiya jolı menen ko`beyetug'ın miywe tu`rleri analıqları 13 ga;

- analıq-sortlı bag` - 25 ga (14 ga, almurt 3 ga, da'neliler 8 ga);

- analıq-tuqım bag` - 14 ga (lama 5ga, almurt 2 ga, da'neliler 7 ga);

- qa`liplestiriw atızları (na`ller mektebi) 150 ga (gezektegi atız 25 ga, sonın` ishinde, vegetativ na`ller ushın 11 ga, tuqım na`ller ushın 3 ga, tuqım na`ller ushın 3

ga, da’neliler – alxorı, alsha, shabdal - 7,5 ga, tuqım na`llerındegi erik 3,5 ga);

- tuxımnan egilgen (na`ller) mektebi 2,5 ga;

- sortlardı ha`m na`llerdi o`ndiriste sınaw bag`ı – 50 ga.

O`ndiris uchastkaları na`lxanalarda bag` ha’m almaslap egiwlerdin` ayırım atızları sıpatında jumıs ko’rsetedi. Bag` almasıw barlıq ana terekler ha’m sortlardı o`ndiriste sınaw bag`ı ushın belgilenedi.

Egilgenler ha’m otırg’ızılg’anlar mektepleri ushın almaslap egiwler islenedi. Egilgenler mektebinde, a`dette, 5-6 atızlı, otırg’ızılg’anlar mektebinde 6-8 atızlı, almaslap egiwler na`zerde tutıladı. Egilgenler mektebindegi almaslap egiwler sxeması: 1-ko’p jıllıq otlarg`a qosıp egilgen ba’ha’rgi g`a’lle; 2-1 jıl paydalanıp atırg`an ko`p jıllıq otlar; 3-2 jıl paydalanıp atırg`an ko`p jıllıq otlar; 4-3 jıl paydalanıp atırg`an ko`p jıllıq otlar (ekinshi yarım jasıl to’gint sıpatında isletiledi), 35-40 sm teren`likte aydaw; 5-qayta islewshi na’ller. O`tkerilgenlar mektebinde: 1-qayta islengen na`ller (tuqımlar) + qayta islep beretug`ınlar (da’nekliler); 2-eki jıllıqlar (tuqımler) + bir jıllıqlar (da’nekliler) 3-ko’p jıllıq otlar menen egilgen ba’ha’rgi g`a’lle; 4-5 ko`p jıllıq otlar; 6-ko’p jıllıq otlar (ekinshi orım jasıl to`gin sıpatında, yarim par).

Sortlar ha’m qayta islewshi o`ndiriste sınaw bag`ı, ja`ne analıq sortlı (qa`lemsheli) ha’m analıq-qayta islewshi (tuqım) bag`lar na’lxananın’ en` uzaq aymag`ın iyelewi mu`mkin. Vegetativ na`llerdın` analıqları ila`ji barınsha jasıl qa`lemshelaw tsexi janın’ jaylastırıladı, tsex bolsa o`z gezeginde qayta islew ustaxanasına birlestiriledi. Og`an jaqın jayda tuqımnan egilatug`ınlar mektebi ha`m jaylastırıladı. Na’lxananın’ bul eki bo`limi ha`m suwg`arıladı, Sonlıqtan olar suw dereksi janında jaylastirilıwı kerek. Na’ller mektebin qa`liplestiriw atızları xojalıq orayına tutas boladı, olarda tan`law ha’m orap-baylaw, jiberiwge tayarlaw tsexları ha’m tayar o`nimlerdi saqlaw skladxanaları jaylastırıladı.

Ju`zimgershilik xojalıqlarına na’ller tayarlaw ushın ha`r qıylı jo’nelistegi na’lxanalar sho`lkemlestiriledi. Tamırlı na’ller jetistiriw boyınsha na`lxanalar ju`zim mektebinen ibarat boladı, onda na`ller ha’m rayonlastırılg`an sortlardı ko`beyttiriw ushın qa`lemsheler beretug`ın analıq ju`zimler o’stiriledi.

Qayta islengen ju`zim na`llerın jetistiriwshi na`lxana analıq na`li ha’m qayta

islew materialları alınatug`ın ju`zimler mekteblerinen ibarat boladı. Bul jerde arnawlı teplitsalar, qa`lemsheler ha’m na’ller ushın skladlar jaylastırıladı.

Na`lxananın` tiykarg`ı elementi esaplang’an mektepler ushın jaqsı a`dette, suwg`arılatug`ın, maydanı 8-10 ga, qa’niygelesken na`l jetistiriwshi xojalıqlarda – 20-25 ga bolg`an uchastkalar ajıratıladı. Ol jen`il mexanikalıq quramg’a iye, o`nimdar topıraqlı tegis aymaqlarda yamasa qubla qubla-batıs jo’nelis jumıslardag`ı yassi qıyalıqda jaylastırıladı. 1 ga mektepke 8-10 ga analıqlar maydanı talap etiledi. Ju`zim mektebinde ha`m almaslap egiwler qollanıladı.

## III bap
## Joybardı ekonomikalıq tiykarlaw

Joybardı ekonomikalıq tiykarlawda jumıstın` o`zine tu`ser paydası, bag`dın` bar ha’m usınıs etilip atırg’an tu’r-sort quramı, shaqaları erkin ha’m palmet tipindegi terekler tu`rleri na`tiyjeliligi bahalanadı. Ju`zim sortların tan`lawda miywe beretug`ın maydan birligi esabına qant shıg`ıwı sıyaqlı ko`rsetkishten ha`m paydalanıladı. Bag`lar, ju`zimzarlar ha’m rezavorlar aymaqların sho`lkemlestiriw elementlerin jaylastırıwda olardın` joybarlaw talaplarına juwap beriwin ha`m tekseriw kerek.

Joybardı tiykarlaw ha’m sheshimlerdi analiz etiw ushın texnikalıq ha’m ekonomikalıq ko`rsetkishlerden paydalanıladı. Texnikalıq ko`rsetkishlerge to`mendegiler kiredi:

- ha`r qıylı tu`rler ha`m sortlar iyelegen maydanlar;
- jerden paydalanıw koeffitsienti;
- kvartallar, keteksheler, brigada uchastkaları maydanları;
- terekler qatarları boylap qıyalıq qunı;
- kvartallardın` forması, relefi, topıraqlar boyınsha jaylasıwı, xojalıq oraylarınan uzaqlıg`ı;
- qisımsha xojalıq oraylarının` sanı ha`m maydanları, olardın` uzaqlıg`ı; jollar, qorg`awshı tog`ay polosalarının` uzınlıg`ı, ken`ligi ha`m maydanı; tog`ay polosaları menen qorg`alg`an bag`, ju`zimzar ha’m rezavorlar maydanı.

Texnikalıq ko`rsetkishler tiykarında ekonomikalıq ko’rsetkishler – jalpı ha’m

tovar o`nimleri qunı, o`nim o`zine tu`ser bahası, sap da`ra`matnin` shıg`ıwi, o`ndiristin` jıllıq g`a`rejetleri, kapital g`a`rejetler qunı, olardın` qaplanıw da`wiri, keltirilgen g`a`rejetler, terekler o`nimlerin jetistiriwdin` rentabelligi, kapital g`a`rejetler na`tiyjeliligi esaplanadı.

Kapital g`a`rejetljer uchastkalardı tayarlaw, na`llerdi egiw, olardı egilgen jılında ha'm tolıq miywege kirisiw da`wirine shekem ta`rbiyalaw; ju`zimzarlarda ha'm intensiv bag`larda shıpalı jerlerdi (tirgeklerdi) ornatıw, suwg`arıw tarmag`ın qurıw, qosımsha xojalıq orayların ha'm qayta islewshi zavodlar, tsexlar, skladxanalar, suw derekleri, jollardı qurıw; qorg`awshı tog`ay polosaların egiw, tereklerdi qayta islew h.t.b. ushın g`a`rejetlerdan payda etiw bolıp tabıladı.

Tereklerdi egiw ha'm ta`rbiyalaw ushın g`a`rejetler, olardı egiw ha'm joybardı o`zlestiriwdin` kalendar jılları boyınsha smetası mu`ddetlerine say tu`rde bahalanadı.

Ekonomikalıq tiykarlawda to`mendegiler ha`m anıqlanadı:

- qosımsha kvartallar aralıq ha'm katakchalar aralıq jollar, ja`rdemshi xojalıq orayları, brigada shertekleri, jumıslardı saqlaw ushın maydanshallılar, zıyanli ximiyalıq birikpelerdi tayarlaw orınları, tog`ay polosaları menen ba'nt maydanlardan joqatılatug`ın (alınbaytug`ın) o`nimler;

- bag`qa mexanizatsiya menen islew beriw ushın g`a`rejetler (olardın` isshi bag`darlar boyınsha qıyalıqları pa`seyiwi ha'm islew beriw aralıqları uzayıwshı esabına tejeliwi);

- bag`lardı qorg`awshı tog`ay polosalarının` unamlı ta`sirleri, ha`m de bag`lar ha'm ju`zimzarlar qatar oralarında suw eroziyasına qarsı gu`res ushın egilatug`ın ko`p jıllıq otlardan ot-jem alıwlar na`tiyjesinde alınatug`ın (samal ta`sirinde miywelardın` to'giliwiden ko'riletug`ın zıyannın` aldı alınıwın ha`m qosıp) kosımsha o`nimler qunı.



Amortizatsiya ajıratpaları mug`darı tereklerdin` ortacha paydalanıw mu`ddetine baylanıslı boladı. Ma`selen, tuxımlı terekler ushın paydalanıw mu`ddeti 25 jıldı, amortizatsiya o`lshemi bolsa 4% quraydı; say tu`rde alshaniki 10-13 jıl ha'm 8-10%, alxorı ha'm shabdaldiki 20 jıl ha'm 5%, eriktiki 25 jıl ha'm 4% ni quraydı.

Bag`lar aymag`ın sho`lkemlestiriwdin` en` jaqsı sheshimin ta`miyinlew ushın o`lshem bolıp, keltirilgen g`a`rejetler minimumı xızmet etedi. Eger joybar sheshimleri boyınsha tu`rler ha`m sortlardı jaylastırıw basqarsa ha’m qosımsha o`nim shıg`ıwın ha`m olarg`a say g`a`rejetlerdi anıqlaw mu`mkin bolsa, sap da`ra`mat ha’m onın` keltirilgen g`a`rejetlerge qarag’anda barlıq sheshimler boyınsha anıqlanadı. Maksimalı en` jaqsı sheshimge say keledi.



Eger terekzarlar aymaqların sho`lkemlestiriw eroziyasına qarsı ila`jlar kompleksi penen toldırılsa, olardın` na`tiyjelilikleri boyınsha arnawlı esap-sanaqları o`tkeriledi. O`ndiristin` jıllıq g`a`rejetlerine isshiler ha’m ju’klerdi tasıw g`a`rejetlerin, traktor agregatlarının` bepayda aylana jumısları ha’m kirip shıg’ıw jumısları ushın g`a`rejetlerdı, ekspluatatsiya (paydalanıw) g`a`rejetlerın, amortizatsiya ajratmaların, xızmet ko`rsetiwshilardın` is haqın qosıw kerek.

Keltirilgen g`a`rejetler standart ten`leme boyınsha (jıllıq g`a`rejetlerdin` kapital g`a`rejetlerdin` na`tiyjeliligi normativ koeffitsientine ko`beymesi) anıqlanadı. Bag`shılıq tarmaqlarında bul koeffitsient 0,16 ga ten` etip qabıl etilgen.









## Juwmaqlaw

1.Qaraqalpaqstan Respublikasında da bag`shılıqtı ku`shli rawajlandırıp xalıqtı sapalı, da`mi jag`ınan basqa regionlerda o`sirilgen alma, ju`zim, almurt, erik ha`m de basqa da miywe ha`m miywe jemisli eginler o`nimi menen ta`miyinlewge tolıq imkaniyatlar bar.

2. Qaraqalpaqstan Respublikasında bag`shılıq ha`m ju`zimgershilikti rawajlandırıw ushın Da`stan bag`- qarao`zek xojalıg`ına usag`an bag`shılıq xojalıqların ko`birek etip joybastırıp, olarg`a bag` bolatug`ın orınlardan, jer betine shege onsha jaqın emes orınlardan jer ajıratıp beriwdi u`zliksiz dawam etiw kerek.

3. Qaraqalpaqstan Respublikasında bag`shılıq ha`m ju`zimgershilikti rawajlandırıw ushın bag`shılıq ha`m ju`zimgershilik sho`lkemlestiriletug`ın aymaqlardı saz,saz aralas suglinoklı topıraqlı , jer astı suwları alıslaw jerlerden saylaw kerek.

4. Qaraqalpaqstan Respublikası O`zbekstan Respublikası wa`layatları arasında kem kemnen jaqsı, biraq a`ste rawajlanıp kiyatırg`an jas region bolıp, rejede egilgen barlıq bag`shılıqtan qanatlandırarlı o`nim alıw ushın qolda bar bar miywe ha`m miywe jemisli bag`larda negativ ha`m pozitiv tan`law jumısların ju`rgizip ha`m sonın` menen birge jaqsı o`nim beretug`ıvn miywe na`llerin ko`plep sırttan alıp kelip sınap, bizin` sha`rayatımızda jaqsı, sapalı o`nim bere alatug`ınların ko`beytip jetistiriw kerek.

5. Qaraqalpaqstan Respublikasında bag`shılıq ha`m ju`zimgershilikti rawajlandırıw ushın bizin` shorlı topırag`ımızg`a shıdamlı garantiyalı ko`geretug`ın na`llerdi jetistiriw ushın podvoy –sabıq jumıslavrın jetilistiriw ushın arnawlı pitomniklerdi sho`lkemlest`iriw jumısların qo`lg`a` alıw kerek.

## O’mir qa’wipsizligi

O’zbekstan Respublikası Joqarı ha’m orta arnawlı bilim minisitrligi, puqaralıq qorg’anıwdın’ baslıg’ı A.Parpievtin’ 28.10.2008 j. №118 sanlı buyrıg’ı ha’m universitet İlimiy Ken’esi (12.11.2008 j, №2 is qag’azı) qararı tiykarında tayarlang’an universitet rektoratı buyrıg’ına (11.11.2008 j. №120 D/1, §4) tiykarlanıp «O’mir qa’wipsizligi» pa’nin barlıq ta’lim bag’darları boyınsha talabalarg’a oqıw protsessinde u’yretiw ushın, magistr dissertatsiyasın ha’m bakalavr qa’nigelik pitkeriw jumısın orınlawda pa’nnin’ huqıqıy tiykarları kirgizildi.

“Ja’miyette puxaralardın’ huqıqları ha’m erkinliklerin qorg’aw ta’miyinlengende ol haqıqıy, huqıqıy puxaralıq ja’miyet boladı. Ha’r bir adam o’z huqıqların anıq biliwi olardan paydalana alıwı, o’z huqıqı ha’m erkinliklerin qorg’ay alıwı lazım. Bunın’ ushın da’slep ma’mleketimiz xalqının’ huqıqıy ma’deniyatın asırıw za’ru’r” (Karimov. O’zbekstan XXI- a’sirge umtılmaqta, 11-b).

XX- a’sirdin’ 60–jıllarınan baslap is ju’rgizip kelgen puxaralıq qorg’anıw sistemasının’ tiykarg’ı wazıypası tınıshlıq da’wirinde ha’m urıs jag’dayında ma’m-leket xalqın jalpı qırg’ın quralları ha’m basqa xu’jim qurallarınan qorg’aw, urıs jag’dayında xalıq xojalıg’ı obektlerinin’ turaqlı islewin ta’miyinlew ha’mde apatshılıq oshaqlarında qutqarıw ha’m tiklew jumısların o’z waqtında na’tiyjeli a’melge asırıwdan ibarat edi.

Biraq xalıq o’mirine tek jalpı qırg’ın quralları emes, ba’lkim basqa qa’wip–qa’terlerde qa’wip salmaqta, olardı na’zerden shette qaldırıw hasla mu’mkin emes. Bular ta’biyiy, texnogen ha’m ekologiyalıq qa’siyetli ayrıqsha jag’daylar bolıp tabıladı.

90–jıllarg’a kelip yadro urısı qa’wipi kemeyip, biologiyalıq qurallardan paydalanıw sheklep qoyıldı, jan’a – zamanago’y qural tu’rleri oylap tabıldı, olar adamlar ushın qa’wipli bolmay, ba’lki ekonomikalıq obektlerdi isten shıg’arıwg’a qaratılg’an edi. Bulardın’ barlıg’ı puqaralıq qorg’anıw sisteması ornında jan’a bir sistema du’ziliw kerekligin da’llilep berdi.

Puqaralıq qorg’anıw ornın iyelewi mu’mkin bolg’an iri ko’lemdegi ayrıqsha jag’daylarg’a a’welden tayarlıqtı ta’miyinlewshi jan’a arnawlı ma’mleket sisteması iyelewi, ol tınıshlıq ha’mde urıs da’wirinde xalıqtı ha’m aymaqlardı ayrıqsha

jag'daylardan qorg'awı lazım edi. Bul sistema xalıqtı ayrıqsha jag'daylardan qorg'aw ha'm qutqarıw jumısların o'tkerip qoymay, basqa a'hmiyetli ilajlardı: ta'biyiy apatlardan qa'wipli aymaqlar kartaların du'ziw, seysmikalıq bekkem bina ha'm imaratlardı qurıw, qısqa, orta ha'm uzaq mu'ddetli boljaw jumısların sho'lkemlestiriwi ha'm xalıq tayarlıg'ın a'melge asırıwı lazım edi.

Usı orında ja'ne bir ma'seleni aydınlastırıp alıwg'a tuwra keledi. Ayrıqsha jag'day degen ne, onnan xalıqtı ha'm aymaqlardı qorg'aw degende neni na'zerde tutıwımız kerek?

Ayrıqsha jag'day – adamlar qurban bolıwı, olardın' den sawlıg'ı yaki qorshag'an ortalıqqa zıyan tiyiwi, materiallıq shıg'ınlar keltirip shıg'ılıwı ha'mde adamlardın' turmıs sharayatının' izden shıg'ıwına alıp keliwi mu'mkin bolg'an yaki alıp kelgen avariya, apatshılıq, qa'wipli ta'biyg'ıy ha'diyse yaki basqa ta'biyiy apatshılıq na'tiyjesinde belgili bir aymaqta ju'zege kelgen jag'day.

**Xalıqtı ha'm aymaqlardı ayrıqsha jag'daylardan qorg'aw** – ayrıqsha jag'daylardın' aldın alıw ha'm olardı saplastırıw ilajları, usılları, qurallar sisteması, ha'reketler birlesigi.

**Ayrıqsha jag'daylardın' aldın alıw** – aldın ala o'tkerilip, ayrıqsha jag'daylar ju'z beriwi qa'wipin mu'mkinshiligi bolg'ansha kemeytiwge, bunday jag'daylar ju'z bergen ta'g'dirde bolsa adamlar den sawlıg'ın saqlaw, qorshag'an ta'biyiy ortalıqqa tiyetug'ın zıyan ha'm materiallıq shıg'ınlar mug'darın kemeytiwge qaratılg'an ilajlar kompleksi.

**Ayrıqsha jag'daylardı saplastırıw** – ayrıqsha jag'daylar ju'z bergende o'tkerilip, adamlar o'miri ha'm den sawlıg'ın saqlaw, qorshag'an ta'biyiy ortalıqqa tiyetug'ın zıyan ha'm materiallıq shıg'ınlar mug'darın kemeytiwge, sonday – aq ayrıqsha jag'daylar ju'z bergen zonalardı shen'berge alıp, qa'wipli faktorlar ta'sirin toqtatıwg'a qaratılg'an avariya – qutqarıw jumısları ha'm basqa keshiktirip bolmaytug'ın basqa jumıslar kompleksi.

Xalıqtı ha'm aymaqlardı ayrıqsha jag'daylardan qorg'aw tarawında qoyılg'an en' tiykarg'ı jumıslardın' biri–da'slep Qorg'anıw ministrligi qasında puqaralıq qorg'anıw ha'm ayrıqsha jag'daylar basqarmasının', son' usı basqarma tiykarında **O'zbekstan Respublikası Prezidentinin' 1996 jıl 4 marttag'ı PF–1128 Buyrıg'ı**

menen Ayrıqsha jag'daylar ministrliginin' du'ziliwi boldı.

Ministrlik is ju'rgize baslag'annan son' xalıqtı ha'm aymaqlardı ayrıqsha jag'daylardan qorg'aw tarawının' huqıqıy tiykarın du'ziwshi bir qatar nızam ha'm qararlar qabıl etildi.

***O'zbekstan Respublikası nızamları:***

**Xalıqtı ha'm aymaqlardı ta'biyiy ha'm texnogen qa'siyetli ayrıqsha jag'daylardan qorg'aw haqqında** (1999 jıl 20 avgust) – 5 bo'lim ha'm 22 statyadan ibarat. Nızam xalıqtı ha'm aymaqlardı ta'biyiy ha'm texnogen qa'siyetli ayrıqsha jag'daylardan qorg'aw tarawındag'ı sotsial mu'na'sibetlerdi ta'rtipke saladı ha'm ayrıqsha jag'daylar ju'z beriwi ha'm rawajlanıwının' aldın alıw, ayrıqsha jag'daylar keltiretug'ın shıg'ınlardı azaytıw ha'm ayrıqsha jag'daylardı saplastırıwdı maqset etip qoyadı.

**Puxaralıq qorg'anıw haqqında** (2000 jıl 26 may) – 4 bo'lim ha'm 21 statyadan ibarat. Usı nızam puxaralıq qorg'anıw tarawındag'ı tiykarg'ı wazıypalardı, olardı a'melge asırıwdın' huqıqıy tiykarların, ma'mleket organlarının', birlespe ha'm sho'lkemlerdin' wa'killiklerin, O'zbekstan Respublikası puxaralarının' huqıqları ha'm ma'jbu'riyatların, sonday – aq puxaralıq qorg'anıw ku'shleri ha'm quralların belgileydi.

**Adamnın' immunitet jetispewshiligi virusı menen keselleniwinin' aldın alıw haqqında** (1999 jıl 19 avgust) – 11 statya. Nızamda AİJS keselliginin' aldın alıw tarawındag'ı ma'mleketlik ta'miyinlew, keselliktin' aldın alıw boyınsha jumıslardı qarjı menen ta'miyinlew, puxaralardın' ha'm ma'jbu'riyatlarına tiyisli ma'seleler ko'rsetilgen.

**Gidrotexnika inshaatlarının' qa'wipsizligi haqqında** (1999 jıl 20 avgust) – 15 statya. Usı nazımnın' maqseti gidrotexnika inshaatların joybarlastırıw, qurıw, paydalanıwg'a tapsırıw, olardan paydalanıw, olardı rekonstruktsiya qılıw, tiklew, konservatsiyalaw ha'm tamamlawda qa'wipsizlikti ta'miyinlew boyınsha iskerligin a'melge asırıwda ju'zege keletug'ın mina'sibetlerdi ta'rtipke salıw bolıp tabıladı.

**Awıl xojalıq o'simliklerin zıyankesler, kesellikler ha'm jabayı ot - sho'plerden qorg'aw haqqında** (2000 jıl 11 avgust) – 28 statya. Usı nazımnın' maqseti awıl xojalıq o'simliklerin zıyankesler, kesellikler ha'm jabayı ot -

sho'plerden qorg'awdı ta'miyinlew, o'simliklerdi qorg'aw qurallarının' adam den sawlıg'ına, qorshag'an ta'biyiy ortalıqqa zıyanlı ta'sirinin' aldın alıw menen baylanıslı qatnaslardı ta'rtipke salıwdan ibarat.

**Radiatsiyalıq qa'wipsizlik haqqında** (2000 jıl 11 avgust) – 5 bo'lim ha'm 28 statyadan ibarat. Nızamnın' maqseti radiatsiyalıq qa'wipsizlikti, puxaralar o'miri, den sawlıg'ı ha'm mal – mu'lki, sonday – aq, qorshag'an ortalıqtı ionlastırıwshı nurlanıwdın' zıyanlı ta'sirinen qorg'awdı ta'miyinlew menen baylanıslı qatnaslardı ta'rtipke salıwdan ibarat.

**Terrorizmge qarsı gu'res haqqında** (2000 jıl 15 dekabr) – 6 bo'lim ha'm 11 statyadan ibarat. Usı nızamnın' maqseti terrorizmge qarsı gu'res tarawındag'ı qatnaslardı ta'rtipke salıwdan ibarat. Nızamnın' tiykarg'ı wazıypaları shaxs, ja'miyet ha'm ma'mlekettin' suverenitetin ha'm aymaqlıq pu'tinligin qorg'aw puxaralar tınıshlıg'ı ha'm milliy tatıwlıqtı saqlawdan ibarat.

**Qa'wipli islep shıg'arıw obektlerinin' sanaat qa'wipsizligi haqqında** (2006 jıl 28 sentyabr) – 21 statya. Nızamnın' maqseti qa'wipli islep shıg'arıw obektlarinin' sanaat qa'wipsizligi tarawındag'ı qa'tnaslardı ta'rtipke salıwdan ibarat.

***O'zbekstan Respublikası Prezidentinin' qararı:***

**Tasqınlar, sel ag'ımları, qar ko'shiw ha'm jer ko'shkisi ha'diyseleri menen baylanıslı ayrıqsha jag'daylardın' aldın alıw ha'm olardın' aqıbetlerin toqtatıw barısındag'ı – ilajlar haqqında** (2002 jıl 19 fevral, PQ – 585 – sanlı). Tasqınlar, sel ag'ımları, qar ko'shiw ha'm jer ko'shki ha'diyseleri menen baylanıslı jumıslardı o'z waqtında ha'm na'tiyjeli sho'lkemlestiriw, sonday–aq olardın' aqıbetlerin tezlik penen toqtatıw maqsetinde qabıl etilgen.

***O'zbekstan Respublikası Ministrler Kabinetinin' qararları:***

**O'zbekstan Respublikası Ayrıqsha jag'daylar ministrliginin' jumısın sho'lkemlestiriw ma'seleleri haqqında** (1996 jıl 11 aprel, 141 – sanlı). Qararg'a «O'zbekstan Respublikası Ayrıqsha jag'daylar haqqında»g'ı Nızam qosımsha etilgen. Ayrıqsha jag'daylar ministrliginin' tiykarg'ı wazıypaları, huqıqları keltirilgen.

**O'zbekstan Respublikası Ayrıqsha jag'daylarda olardın' aldın alıw ha'm ha'reket etiw ma'mleketlik sisteması haqqında** (1992 jıl 21 dekabr, 558 - sanlı).

Qarar menen O’zbekstan Respublikası Ayrıqsha jag’daylarda olardın’ aldın alıw ha’m ha’reket etiw ma’mleketlik sisteması (AJMS) haqqındag’ı Nızam ha’m onın’ du’zilisi tastıyıqlang’an, ministrlik ha’m idaralardın’ xalıq ha’m aymaqlardı ayrıqsha jag’daylardan qorg’aw boyınsha funktsiyaları keltirilgen.

**O’zbekstan Respublikası xalqın ayrıqsha jag’daylardan qorg’awg’a tayarlaw ta’rtibi haqqında** (1998 jıl 2 oktyabr 422 – sanlı). Qarar ma’mleket xalqın ha’m aymaqların ta’biyiy ha’m texnogen qa’siyetli ayrıqsha jag’daylardan qorg’aw sistemasın rawajlandırıw maqsetinde qabıl etilgen. Qararg’a qosımsha keltirilgen «Xalıqtı ayrıqsha jag’daylardan qorg’aw tarawında tayarlaw ta’rtibi haqqında»g’ı Nızam O’zbekstan Respublikası xalqın ayrıqsha jag’daylardan qorg’aw tarawında, sonday – aq ayrıqsha jag’daylarda ha’reket etiwge tayarlıqtan o’tip atırg’an xalıq toparların tayarlawdın’ tiykarg’ı wazıypaların, tu’rleri ha’m usılların belgileydi.

**Ta’biyiy, texnogen ha’m ekologiyalıq qa’siyetli ayrıqsha jag’daylardın’ sıpatlaması haqqında** (1998 jıl 22 oktyabr, 455 – sanlı). Qarar menen tastıyıqlang’an sıpatlamag’a muwapıq ayrıqsha jag’daylar ju’zege keliw sebeplerine ko’re texnogen, ta’biyiy ha’m ekologiyalıq qa’siyetli, usı jag’daylarda zıyan kergen adamlar sanına, materiallıq zıyanlar mug’darına ha’m ko’lemlerine qarap lokal, jergilikli, respublika ha’m transsshegaralı tu’rlerge bo’linedi.

**O’zbekstan Respublikasında adamlar ha’m haywanlardın’ qutırıw keselligine qarsı gu’resti ku’sheytiw ilajları haqqında** (1996 jıl 18 yanvar, 12 – sanlı). Adamlar ha’m haywanlardın’ qutırıw keselligine qarsı gu’res ilajlarının’ na’tiyjeligin asırıw, sonday – aq xalıq jasaw orınlarında iyt, pıshıq ha’m basqa u’y haywanların ta’rtipke salıw maqsetinde qabıl etilgen.

**G’alaba xalıqlıq ilajlardı o’tkeriw qag’ıydaların tastıyıqlaw haqqında** (2001 jıl 11 yanvar, 15 – sanlı). O’zbekstan Respublikası aymag’ında g’alaba xalıqlıq ilajlar o’tkeriliwi waqtında ja’ma’a’t qa’wipsizligin ta’miyinlew ha’m ta’rtibin qorg’aw maqsetinde qabıl etilgen.

**Ayrıqsha jag’daylardı boljaw ha’m aldın alıw Ma’mleket da’stu’rin tastıyıqlaw haqqında** (2002 jıl 1 aprel, 21 – sanlı). Ayrıqsha jag’daylardın’ aldın alıw ha’m aqıbetlerin saplastırıw tarawında alıp barılıp atırg’an jumıslar o’nimliligin

asırıw maqsetinde qabıl etilgen.

Joqarıda ko’rsetilgen huqıqıy hu’jjetler tiykarında oqıw protsessinde talabalarg’a “O’mir qa’wipsizligi” pa’ninin’ barlıq bag’darları boyınsha ken’ ma’niste tu’sinikler berildi.

.

## Paydalanılg'an a'debiyatlar

1. Karimov İ.A. O'zbekiston XXI asr busag'asida xavfsizlikka taxdid barqarorlik shartlari va taraqqiet kafolatlari. T., «Uzbekiston» 1997.
2. Karimov İ.A. Qishloq xwjaligi taraqqieti twkin h'aet manbaiy. T. Wzbekiston.1998.
3. Qishloq xo`jaligida isloxotlarni chuqurlashtirishga doir qonun va meeriy xujjatlar twplami. 1-2 jildlar. T. "Sharq" nashrieti-matbaa konserni bosmaxonasi, 1998 y.
4. Qishloq xwjaligida iqtisodiy isloxotlarni chuqurlashtirish dasturi (1998-2000 yillar). T.Uzbekiston. 1998 yil.
5. Avezbaev S. Ratsionalnoe ispolzovanie zemel v nizovyax Amudari. T.: Meh'nat, 1990.-154 b.
6..Avezbaev S. Er tuzishni loyih'alash. 2. Xujaliklararo er tuzish (maruzalar matni). T.: TİQXMİİ, 2000.-70 b.
7. Avezbaev S., Volkov S. N. Er tuzishning ilmiy asoslari: Darslik. T.: Yangi asr avlodi, 2002.-228 b.
8. Avezbaev S., Volkov S. N. Er tuzish iqtisodi. Darslik. T.: Yangi asr avlodi, 2002.-290 b.
9. Avezbaev S., Volkov S. N. Er tuzishni loyixalash. Darslik. T.: Yangi asr avlodi, 2004.-784 b.
10. Volkov S. N. Zemleustroystvo. Ekononomiko-matematicheskie metodı i modeli. Tom 4: Darslik.-M.: Kolos, 2001.-696 b.
11. Davlat er kadastrini yuritish uchun tuproq tadqiqotlarini bajarish va tuproq kavrtalarini tuzish buyicha yuriknoma. İdoroviy meriy h'ujjat.T-2009.
12. Er munosabatlarini tartibga solishga doir qonun va meeriy h'ujjatlar tuplami. I qism. T.: Agroxarita, 2000.
13. Ellikqala rayonı fermer h'a'm de basqa da jerden paydalanıwshıları jerlerin bah'alaw h'a'm kartalastırıw h'u'jjetleri. Tashkent -2010 j.
14. Zemleustroitelnoe proektirovanie: Darslik/V.D.Kiryuxin tah'riri osttida.- M.: Kolos, 1976.-528 b.

15. Zemleustroitelnoe proektirovanie: Darslik/M.A.Gendelman tah’riri osttida.- M.: Agropromizdat, 1986.-511 b.

16.Zemleustroitelnoe proektirovanie: Uchebnik/S.N.Volkov tah’riri osttida.- M.: Kolos, 1997.-608 b.

17. Uzbekiston Respublikasi er resurslari Atlası.-T.: WRDERQ, 2001.-64 b.

18.Uzbekiston Respublikasi «Er kodeksi» T.: Uzbekiston, 1998.

19. Qaraqalpaqstannın` miywe ha`m ju`zim bag`ları. Kitap-qollanba.